**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń**
**Qaraqalpaqstan Keńesi**
**VIII esabat saylaw konferenciyası**

# Q A R A R I

**2025-jıl, 18-iyul № VIII - 1 Nókis qalası**

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń 2020-jıldıń iyul ayınan 2025-jıldıń iyul ayına shekemgi bolǵan dáwirdegi jumısları haqqında esabatı hám respublika kásiplik awqam shólkemleriniń aldaǵı wazıypaları haqqında**

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń VIII konferenciyası delegatları Keńestiń 2020-2025-jıllardaǵı jumısları haqqındaǵı esabatın tıńlap hám dodalap, Ózbekstan Prezidenti SH.M.Mirziyoevtıń baslaması hám basshılıǵında mámleket turmısınıń barlıq salalarında ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalar hám ilajlardıń jańa basqıshlarında adamlarda úlken isenim oyata alǵanlıǵın, mámleketlik hám jámiyetlik basqarıwda hár bir adamǵa qatnasıw imkaniyatı jaratılǵanlıǵın, qabıl etilip atırǵan qararlarda insan mápleri joqarı orın iyelegenligin, eń tiykarǵısı adamlarǵa múnásip turmıs sharayatların jaratıw menen baylanıslı wazıypalar nátiyjeli túrde ámelge asırılǵanlıǵın tán aladı.

Mámleketimizdiń keleshegin belgilew, turaqlı hám teń salmaqlı túrde rawajlanıwdı támiyinlew, óz ishine zárúr maqset hám wazıypalardı qamtıǵan tiykarǵı hújjet Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasın ámelge asırıw procesinde arttırılǵan tájiriybe hám jámáátshilik dodalawı nátiyjeleri tiykarında islep shıǵılǵan "Ózbekstan-2030" strategiyası qabıl etildi.

Strategiya xalqımızdıń erkin hám parawan, qúdiretli Jańa Ózbekstandı qurıw jolındaǵı tileklerin júzege shıǵarıw, hár bir puqaraǵa óz potencialın rawajlandırıw ushın barlıq imkaniyatlardı jaratıw, salamat, bilimli hám mánáwiy jetik áwladtı tárbiyalaw, global islep shıǵarıwdıń eń zárúr buwınına aylanǵan kúshli ekonomikanı qáliplestiriw, ádillik, nızam ústinligi, qáwipsizlik hám turaqlılıqtı támiyinlew maqsetlerine xızmet qıladı.

Sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoev tárepinen Qaraqalpaqstan ushın qabıl etilgen 20 ǵa jaqın qarar hám pármanlar tiykarında xalqımızdıń abadan turmısın támiyinlew boyınsha keń kólemli jumıslar alıp barılmaqta. Prezidentimizdiń "Qaraqalpaqstanda biznes qılıń" shaqırıǵı nátiyjesinde isbilermenler 12 mıńnan 25 mıńǵa kóbeyip 202 mıń adam turaqlı jumıs penen támiyinlengen.

Qaraqalpaqstanda 2020-jılı jalpı aymaqlıq ónimler kólemi 25523,4 mlrd. swm bolǵan bolsa, bul kórsetkish 2025-jılǵa kelip 45658,5 mlrd. swmdı qurap, ósim páti 78,9 payızdı, ortasha miynet haqı, 2020-jılı 2,38 mln. swmdı, al 2025-jılı bolsa 4,31 mln. swmdı quraǵan.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi iskerligi óz aǵzalarınıń, miynetkeshlerdiń miynet huqıqları hám sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw, qáwipsiz miynet sharayatların jaratıw, sociallıq-miynet múnásibetlerdi jámáátlik-shártnamalıq hújjetler tiykarında tártipke salıw mexanizmlerin jetilistiriwge qaratıldı.

Qaraqalpaqstanda miynet hám sociallıq-ekonomikalıq máselelerdi sheshiw sociallıq sherikshiliktiń mexanizmleri bolǵan – húkimet, qásiplik awqamları hám sawda-sanaat basqarması arasında Aymaqlıq jámáátlik kelisim, 8 tarawlıq jámáátlik, 17 jámáátlik kelisimler hám 7480 jámáátlik shártnamaların qabıl etiwge erisildi.

Mámleketlik baǵdarlamalardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde hám qabıl etilgen is-ilajlar tiykarında sociallıq jaqtan qorǵaw boyınsha jumıslar kúsheytirildi. ótken bes jıldıń

ishinde usı taypadağı 60833 adamğa miynet jámáátlerinde qabıl etilgen jámáátlik shártnamalar arqalı 20 mlrd. 131 mln. 885 mıń 70 swm muğdarında járdemler kórsetildi. Sonnan 12 mlrd. 13 mln. 443 mıń swmı kárxana, mákeme, shólkemler esabınan, 8 mlrd. 118 mln. 442 mıń 50 swmı kásiplik awqamları shólkemleri esabınan qaplandı.

Ótken esap beriw dáwirinde Keńeske yuridikalıq hám fizikalıq táreplerden jámi 2541 múrájat, sonnan 1456 jazba, 916 awızeki, 77 elektron, 92 isenim telefonları arqalı múrájatler kelip túsip, 729 múrájat kásiplik awqamlarınıń usınısları hám sudlarda kórip shıǵılıwı menen tolıq qanaatlandırıldı, 1680 múrájat iyesine miynet xuqıqları boyınsha túsindiriwler berildi. 61 múrájat tiyislisinshe basqa wákillikli organlarğa jiberildi. Múrájatlar menen islesiw dawamında 6 mlrd. 157 mln. 49 mıń 929 swm miynet haqı hám oğan teńlestirilgen tólemler, kompensaciyalar, ruwxıy zıyanlar múrájat etiwshilerdiń paydasına óndirilip berildi.

2020-2025 jıllar dawamında miynetti qorğaw boyınsha 25 mıń 685 is-ilaj belgilenip, sonnan 14 mıń 721 ilaj orınlanğan hám usı ilajlar ushın 61 mlrd. 225 mln. 400 mıń swm qarjı sarplanğan. Respublika boyınsha ótken esap beriw dáwirinde hár bir islewshige ortasha 50300 swmnan tuwra kelip, aldıńğı dáwir menen salıstırğanda 1,7 esege ósken. Miynet wazıypaların orınlaw menen baylanıslı jaraqatlanıw, kásip keselliklerine shalınıwı yamasa den sawlığınıń basqa túrli shikáslanıwı aqıbetinde jetkizilgen zıyandı jumıs beriwshi tárepinen óz waqtında tolıq qaplanıwı ústinen kelip shıqqan tartıslar máselesinde 67 múrájat kelip túsip, qánigeler qatnasıwında sud processlerinde jámi 3 mlrd. 925 mln. swm qarjıları óndirilip berildi.

Jańa Ózbekstan strategiyasın miynetkesh xalıq arasında keń úgit-násiyat etiw maqsetinde ótken esabat dáwirinde 10 mıń 517 kárxana, mákeme hám shólkemlerde “Mánawiyat sağatları” ótkerilip olarda 991 mıń 844 islewshi xızmetkerler qatnastı. Ózbekstan hám Qarakalpaqstan respublikaları aymağındağı tariyxıy orınlarğa 54 mıń 109 islewshi xızmetkerler hám olardıń shańaraq ağzalarınıń sayaxatları shólkemlestirildi. Barlıq buwındağı kásiplik awqam shólkemleri tárepinen 2160 sport jarısları ótkerilip, olarğa 203 mıń 286 islewshi-xızmetker qatnastı.

Qaraqalpaqstan Respublikası aymağındağı 11 stacionar túrdegi balalardı sawalandırıw oraylarında 32 mıń 482 bala dem aldırıldı, 69 mádeniyat hám sport maydanshalarında 73 mıń 703 bala shuğıllanıp, sawalandırıldı.

Ótken dáwir ishinde kásiplik awqamları hayal-kızlardı dizimli qollap-quwatlaw, olardın jámiyet turmısında belsendi qatnasın támiyinlew bağdarında iskerligin jaqsı jolğa qoyğan.

Qaraqalpaqstanda “Hayallar dápteri” diziminiń 5 basqıshında jámi 215 mıń 91 hayal-kızlardıń mashqalaları sheshildi hám bul maqsetlerge jámi 308 mlrd. 627 mln. 7 mıń swm sarplandı.

Sonıń ishinde 5 basqısh dawamında 110 mıń 750 hayal-qızdıń bántligi támiyinlendi, 19 mıń 425 hayalğa 169 mlrd. 570 mln. swm muğdarında kerdit ajratıldı, 28 mıń 408 hayalğa *(bağıwshısın joğaltqan, sociallıq járdemge mútáj, qarramağında mayıp balası bar mútáj hayal-qızlar)* jámi 36 mlrd. 660 mln. swm materiallıq járdemler ajratıldı, 758 hayal-qız arzan úy-jaylar menen támiyinlendi, 1782 hayal-qızğa turaq jay ijarası ushın 2 mlrd. 312 mln. swm kompensaciya tólep berildi, 167362 hayal-qızğa medicinalıq, huqıqıy hám psixologiyalıq járdemler kórsetildi.

Qaraqalpaqstan Keńesine ağza 1941 baslanğısh kásiplik awqam shólkemlerinde 30 jastan aspağan jas ağzalar sanı 131946 ağzanı, yağnıy 2025-jılğa kelip jas ağzalar sanı 36 payızğa kóbeygen.

SHólkemlerdegi jas miynetkeshlerdiń baslama hám qızığıwshılıqların jaqınnan úyreniw hámde jas miynetkeshlerdiń basshılar menen tuwrıdan-tuwrı ashıq sáwbetlesiwin jolğa qoyıw maqsetinde jaslar menen 14 márte ushırasıwlar ótkerilip, olarda 2000 nan aslam kárxána hám shólkemlerde miynet etip atırğan jas qánigeler hám kásiplik awqamı belsendileri, sonday-aq student jaslar qatnastı.

Joqarı oqıw orınlarında okıp atırǵan sociallıq járdemge mútáj, qábiletli studentlerdi qollap-quwatlaw maqsetinde 5 studentke "Kásiplik awqamları stipendiyası" ajratıldı, miynet etip atırǵan imkaniyatı sheklengen yamasa baǵıwshısın joǵaltqan sociallıq qorǵawǵa mútáj jaslardı sawalandırıw maqsetinde 5 jas xızmetkerlerge sanatoriylarǵa biypul jollamalar ajratıldı.

Qaraqalpaqstan Keńesi, tarawlıq keńesler basshıları menen shólkemlestirilgen" Basshı hám jas qánigeler" ushırasıwlarında 320 dan zıyat, "Tabıslı jas isbilermen" temasındaǵı ushırasıw hám seminarlarda 850 den aslam jas xızmetkerler qatnastı.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń 2021-2025 jıllarǵa mólsherlengen Strategiyalıq baǵdarlarında belgilengen wazıypalardan kelip shıǵıp, kásiplik awqamlarǵa aǵza bolıwdıń abzallıqların túsindiriw arqalı kásiplik awqam aǵzaları qatarın keńeytiw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar - házirgi kúndegi kásiplik awqam háreketin rawajlandırıwdıń eń zárúr wazıypalarınıń hám mashqalalarınıń biri.

Búgingi kúnde tiykarǵı itibar miynet jámáátlerinde hár bir islewshiniń sociallıq qorǵalıwı, múlkshilik túrine qaramastan, bárshe kárxana, shólkem hám kárxanalarda baslanǵısh shólkemlerdiń dúziliwi hám kishi biznes subektlerinde jumıs alıp barıp atırǵan islewshilerdi aǵzalıqqa alıwǵa qaratılıp, úgit-násiyat jumısların alıp barıw nátiyjesinde esabat dáwirinde 10 mıń 826 kárxana hám shólkem, 161 mıń 226 islewshi-xızmetker kásiplik awqam aǵzalıǵına tartıldı, usı xojalıq subektlerinde jámáátlik shártnamaları dúzildi hám xızmetkerlerdiń socialhq qorǵalıwı támiyinlendi.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi tárepinen ámelge asırılǵan hámde rejelestirilgen jumıslar boyınsha ǵalaba xabar quralları nda jarıtıp barıldı. Atap aytqanda, 75 ret radiodan, 100 ret gazeta hám 151 ret jergilikli televidenieden hámde 1100 ret veb-sayt hám sociallıq tarmaqlarda shıǵıwlar ámelge asırıldı.

Kásiplik awqamları tárepinen KasabaKIATtı engiziw processinde sistemanıń oraylasqan maǵlıwmat bazasına 2 mıńǵa jaqın baslanǵısh shólkemler, 6 mıńnan artıq cex shólkemleri, 2 mıńnan artıq jámáát shártnamaları hám basqada sol sıyaqlı tarawǵa tiyisli maǵlıwmatlar júklendi.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası qasındaǵı Balalardıń dem alıwın shólkemlestiriw hám sawallandırıw departamenti iskerligi menen Oromgohlar.uz innovacion onlayn-platforması iske túsirildi.

Atqarıw komitetiniń tiyisli qararı tiykarında, baslanǵısh shólkemlerge ámeliy járdem kórsetiw tártibi belgilenip, bul boyınsha ótken esabat dáwirinde orınlarǵa shıǵıp 721 baslanǵısh shólkemlerdiń jumıslar úyrenildi hám ámeliy járdemler kórsetildi. Keńestiń tájiriybeli qánigeleri tárepinen kásiplik awqam belsendileri ushın 86 ret oqıw-seminarlar shólkemlestirilip, olarǵa 5888 kásiplik awqam belsendileri qatnastı. Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń oqıw orayında 5 jıl dawamında 724 kásiplik awqam belsendisi onlayn hám offlayn oqıw kurslarınan ótti.

**Sonıń menen birge, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń iskerliginde bir qatar kemshilikler hám ámelge asırılmaǵan jobalar hám imkaniyatlar gúzetildi.**

Óz aǵzalarımızdıń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵawdı kúsheytiw, onıń tásirsheńligin asırıw máselelerine ele de jeterli kewil bólinbedi. Jámáátlik shártnamaları hám kelisimlerdi dúziw boyınsha sóylesiwler tek atına ótkerilip, usı hújjetlerdiń mazmunı hám tásirsheńligine jeterli itibar qaratılmay atır. olardı ekspertizadan ótkeriw jumıslarına neınquraydılıqqa jol qoyılmaqta.

Qabıl etilgen jámáátlik shártnamalardıń derlik **60-70** payızında miynetti qorǵaw kelisimleriniń qabıl etiliwine jeterli itibar qaratılmay, jıldan-jılǵa kóshirip jazılıwı, miynetti qorǵawǵa qarjınıń az muǵdarda, ásirese mámleketlik byudjet penen qarjılandırılatuǵın kárxanalarda, az ajıratılıwı, islep shıǵarıwdaǵı qáwip-qáterdi túsinbew hám bilimniń jeterli

emesligi, profilaktika, miynetti qorǵaw normalarınıń orınlanıwın támiyinlewde imkaniyatlardıń jetispewshiligi baxıtsız hádiyselerdiń qaytalanıwına sebepshi bolmaqta.

Puqaralardıń huqıqıy mádeniyatı, sanası anaǵurlım dárejede ósip atırǵan bolsa da, sonıń menen qatar, jumıs beriwshiler tárepinen nızam buzıwshılıqlarda kemeyip atırǵan joq.

Bántlik dásturlerinıń ámelge asırılıwı ústinen tásirli jámáátshilik qadaǵalaw, monitoring jumısları talap dárejesinde emes.

Kásiplik awqamlardıń joqarı turıwshı kollegial organları qararlarınıń orınlanıwı boyınsha kásiplik awqamlardıń juwaplı xızmetkerleriniń juwapkershiligin asırıw tiykarǵı máselelerdiń biri bolıp qalmaqta.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń 2020-2025-jıllardaǵı iskerligine baylanıslı esabatın tıńlap hám dodalap VIII Konferenciya

**QARAR ETEDI:**

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń 2020-jıldıń iyul ayınan 2025-jıldıń iyul ayına shekemgi bolǵan dáwirdegi jumısları haqqında esabatı **qanaatlandırarlı** dep tabılsın *(esabattıń tolıq teksti qosımsha etiledi).*

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası tárepinen kásiplik awqamları jumıslarınıń nətiyjeliligin arttırıw boyınsha belgilep berilgen Ústin baǵdarlardı ámelge asırıw tiykarǵı wazıypalar etip belgilensin.

Qaraqalpaqstan kásiplik awqamları shólkemleriniń barlıq jumıs háreketleri Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoevtıń Jańa Ózbekstannıń keleshegi jolındaǵı alıp barılıp atırǵan keń kólemli reformalarında belgilep bergen wazıypalardı ámelge asırıwǵa baǵdarlanatuǵınlıǵı belgilep ótilsin.

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi** kúshli ekonomikanı hám sociallıq sıyasattıń múnásip turmıs hám rawajlanıw girewi ekenligin tán alıp, nızam ústinligine súyengen halda, insan huqıqı hám máplerin isenimli qorǵaw, mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan iygilikli islerde belsene qatnasıw maqsetinde:

***Huqıqıy qorǵaw salasında:***

jańa túrdegi miynet múnásibetleri qáliplesip atırǵan dáwirde sociallıq-miynet máselelerine baylanıslı nızam hújjetleri qabıl etiw processlerinde, olardı dodalawda belsendi qatnasadı;

rásmiy emes bántlik, jeke sektorda miynet múnásibetlerin huqıqıy jaqtan tártipke salıw mexanizimlerin jetilistiriw jumıslarında zárúr biypul huqıqıy járdemler kórsetedi;

tiyisli mámleketlik organlar, ministrlikler, jumıs beriwshiler wákilleri, mámleketlik emes shólkemler menen birgelikte sociallıq-ekonomikalıq, huqıqıy máseleler boyınsha seminarlar, oqıwlar, dóngelek stol sáwbetlerin hám basqa ilajlardı ótkeredi;

baslanǵısh kásiplik awqam shólkemleriniń, kásiplik awqam belsendileriniń huqıqıy sawatqanlıǵın hám huqıqıy mádeniyatın asırıwǵa kómeklesedi;

jańa tereń ilimiy baǵdardaǵı kóz-qaras penen jantasatuǵın kásiplik awqamlardı qáliplestiriw hám usı baǵdardaǵı kásiplik awqam shólkemleri hám belsendileri arasında innovaciyalıq baslamalarga jol ashadı;

«**Huqıqıy másláhátxana**» jumısın jaqsılaw, «**Isenim telefonları**» imkaniyatlarınan nátiyjeli paydalanıw jumısların jolǵa qoyadı hám **"Qayta baylanıs mexanizmi"**n jetilistiriw ilajların kóredi;

islewshilerdiń huqıqıy qorǵalıwın jaqsılaw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardı keń sáwlelendiriw maqsetlerinde ǵalaba xabar quralларınan nátiyjeli paydalanadı, sawal-juwaplar, dóngelek stol sáwbetlerin shólkemlestiredi;

miynet nızamshılıǵına ámel etiliwi ústinen kásiplik awqamlarınıń jámáátshilik qadaǵǵlawınıń forma hám usılların rawajlandıradı hám jetilistiriw iskerligin ámelge asıradı.

***Islewshilerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw hám miynetti qorǵaw salasında:***

socialliq sherikshilik principi tiykarında jumıs alıp bara otırıp, sociallıq miynet múnásibetleriniń sociallıq sherikshilik tárepleri mápleriniń uyǵınlıǵı tiykarında ámelge asıwın qollap-quwatlaydı;

Bas Kelisim talaplarınan kelip shıqkan halda sociallıq-ekonomikahq máseleler haqqında kelisip alıw maqsetinde úsh tárepleme dúziletuǵın Aymaqlıq (territoriyalıq) jámáátlik kelisimdi anıq is-ilajlar menen bayıtılıp barılıwına erisedi, orınlanıwın turaqlı túrde qadaǵalap baradı;

Sociallıq sherikler menen birge islesiwdi jetilistiriw, sociallıq sóylesiwlerdiń eń jaqsı ámeliyatın úyrenedi hám keń eń jaydıradı,

barlıq, eń birinshi gezekte kishi biznes, jeke isbilermenlik salalarındaǵı, shet el investiciyası qatnasındaǵı kárxanalar, fermer xojalıqların, xızmet kórsetiw salasındaǵı kárxanalardı hám islewshilerdi jámáátlik –shártnamalıq múnásibetler menen qamtıp alıw kólemin keńeytedi;

wákillikke iye mámleketlik organları, jumıs beriwshiler tárepinen Xalıqaralıq Miynet SHólkeminiń konvenciyaları hámde usınısları, sonday-aq ámeldegi miynet nızamları, miynet qáwipsizligi standartları tiykarında miynetti qorǵawdı shólkemlestiriw boyınsha is-ilajlardı ámelge asıradı;

miynetti qorǵaw mádeniyatın shólkemlestiriw hám alǵa súriw, yaǵnıy islewshilerge qáwipsiz, normal miynet sharayatların jaratıw, kárxana hám mákemelerdegi miynetti qorǵaw salasındaǵı mashqalalarǵa jumıs beriwshilerdiń itibarın qaratadı;

jańadan shólkemlestirilgen jumıs orınlarında miynet etip atırǵan islewshiler, sonıń ishinde hayallar hám jaslardıń miynetin qorǵaw boyınsha huqıqları, olar ushın belgilengen qosımsha kepillikler, miynet hám dem alıw sharayatların támiyinlew monitoringin alıp baradı;

-islep shıǵarıwda jaraqatlanıw hám kásip keselliklериniń aldın alıw, olardıń kelip shıǵıw sebeplerin saplastırıw, mámleketlik qadaǵalaw hám tekseriw organları menen birgelikte miynet sharayatları hám miynetti qorǵaw, sanaat hám ekologiyalıq qáwipsizlik awhalın úyreniw ámeliyatın keńeyittiriw hám dawam etiw ilajların kóredi.

***Jumıs penen bántlik hám miynet haqı tólew salasında:***

mámleket hákimiyatı organları tárepinen tastıyıqlanǵan xalıqtı jumıs penen támiyinlew hám is-bilermenlikti qollap-quwatlaw baǵdarlamasınıń islep shıǵılıwında hám ámelge asırıwda qatnasadı hám kómeklesedi;

miynet bazarında múnásip miynet haqını hám qáwipsiz miynet sharayatların támiyinlewshi turaqlı jumıs orınların jaratılıwına kómeklesedi, jaratılǵan jańa jumıs ornına qabıl etilgen puqaralardıń miynet huqıqların támiyinleydi;

miynet bazarında teń sharayatlarda básekige túse almaytuǵın, jumıs tabıwda qıynalatuǵın adamlardı jumısqa ornalastırıw ushın jumıs orınlarınıń eń kem muǵdarın belgilew baǵdarlamaların islep shıǵıw ámelge asırıwda qatnasadı, ásirese joqarı hám orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri pitkeriwshilerin, mayıplar, jalǵız analar hám xalıqtıń tómen qatlamlarınıń basqa kategoriyaların jumısqa ornalastırıwda kómeklesedi;

bos jumıs orınları yarmarkaların ótkeriwde bántlikke kómeklesiwshi oraylar, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları menen jaqınnan birge islesedi;

jańa jumıs orınlarınıń haqıyqattanda jaratılǵanlıǵı boyınsha monitoring jumısların orınlaydı;

**múnásip miynet haqı hám xalıqtıń turmıs dárejesin asırıw** jámiyetimizde sociallıq turaqlılıqtı támiyinlewdiń áhmiyetli sharayatlarınan biri ekenligin itibarǵa alıp, miynetke haq tólew hám onı normallastırıwdıń sociallıq ádalatlı sistemasın engiziwge kómeklesip baradı, jalpı ishki ónim quramında miynet haqınıń úlesin turaqlı saqlap turıwda aymaqlıq, tarawlıq kelisimler hám jámáátlik shartnamalardıń múmkinshiliginen keń paydalanadı;

jumıs beriwshiler tárepinen miynet haqının kepillengen eń kem muǵdarının ózgermey saqlanıwı ústinen jámáátlik qadaǵalawdı alıp baradı, miynet haqının óz waqtında tóleniwi ústinen qadaǵalaw ornatadı, ayrım tarawlarda ózin aqlaǵan miynet haqıdan qarızdarlıqtı saplastırıw boyınsha «Jol karta"ların barlıq jerlerde qabıl etiw hám orınlanıw ámeliyatın keńeytedi;

Jámáátlik shártnamalıq hújjetler tiykarında teń áhmiyetli miynet ushın erler hám hayallarǵa teń haqı tólew principin ámelge asırıw ilajların kóredi.

***Xalıqtı kúshli sociallıq qorǵaw salasında:***

**kúshli hám nátiyjeli sociallıq qorǵaw múnásip miynettiń tiykarǵı korsetkishleriniń biri** ekenligin tastıyıqlaǵan halda, xalıqtıń járdemge mútáj qatlamların sociallıq korǵaw hám qollap quwatlaw boyınsha nızam xújjetlerinde kózde tutılǵan is-ilajlardıń ámelge asırılıwına kómeklesedi;

jalǵız kekseler, pensionerler, mayıplar, imkaniyatı sheklengen balalar, kem támiyinlengen hám kóp balalı shańaraqlardı sociallıq qollap quwatlaw boyınsha qabıl etilgen ilajlardıń orınlanıwında mámleketlik organları, jumıs beriwshiler, basqa jámáátlik birlespeler menen birge islesedi.

***Hayal-qızlar hám jaslardı qollap-quwatlaw salasında:***

mámleketimizde demokratiyalıq puqaralıq jámiyetti qurıw, tınıshlıq hám awızbirshilik saqlawda hayal-qızlardıń, jaslardıń roli úzliksiz túrde asıp baratırǵanlıǵın esapqa alǵan halda, hayal-qızlardıń nızamlı huqıqların qorǵawda kásiplik awqamları, shańarak hám hayal-qızlar komiteti, hayal-qızlar máseleleri menen shuǵıllanıwshı basqa mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler menen óz-ara birge islesiwdi jolǵa qoyadı;

kásiplik awqamlarınıń saylap qoyılatuǵın organları quramında hayal-qızlar wákillerin kóbeytiwge qaratılǵan ilajlardı kóredi;

jámáátlik shártnamalarda hayal-qızlar miynetin tártipke salıw, olarǵa qosımsha jeńilliklerdiń beriliwin názerde tutıwshı bántleriniń kólemin keńeytiriw hám olardı ámelde orınlanıwı ústinen tásirsheń jámáátshilik qadaǵalawın alıp baradı;

kárxana, shólkem hám mákemelerde islewshi hám oqıwshı jaslardıń sociallıq-ekonomikalıq huqıqların qorǵaw, olardı kásiplik awqamlarına keń túrde tartıw, kásiplik awkamları belsendileri qatarın jaslar menen tolıqtıradı hám bekkemleydi;

aymaqlıq kelisimde, jámáátlik shártnamalarda jaslar ushın qosımsha kepilliklerdiń kirgiziliwine hám onıń orınlanıwına erisedi;

barlıq buwındaǵı kásiplik awqamları organları jumısında jaslar keńesleri wákilleriniń qatnasıwın támiyinleydi;

jaslardı Watanǵa sadıqlıq, milliy ideya ruwxında tárbiyalaw jumısların alıp baradı, olar arasında mádeniy-aǵartıwshılıq hám sport ilajların ótkeredi, bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiredi;

jumısqa qabıl etiw boyınsha eń kishi jasqa tolıq ámel etiliwi, balalar miynetiniń jaman hám awır formaların boldırmawǵa qaratılǵan jumıslardı dawam ettiredi;

jaslar wákillerin kásiplik awqamları organlarında komissiya isshi toparları quramında bolıwın támiyinlew, kásiplik awqamları basshı lawazımlarınıń kadrlar rezervine kiritiw boyınsha jumıslardı alıp baradı.

***Mánawiyattı rawajlandırıw, mádeniyat hám sport salalarında:***

miynetkeshlerdiń mánawiyatın ele de joqarılatıw, olardı ǵalaba túrde sportqa keń túrde tartıwda kásiplik awqamlarınıń belsene qatnasıwın támiyinlewdi zárúr dep esaplaydı hám bul jónelistegi iskerligin elimizde burınnan qáliplesken ázeliy qadiriyatlar, úrp-ádetler, milliy mádeniyatımızdan kelip shıqqan halda ámelge asırıladı;

miynet jámáátlerinde milliy ideyam úgit-násiyatlaw, ruwxıy-ádep-ikramlılıq jumıslar, mádeniy hám sport ilajlarınıń nátiyjeliligin asırıw, turizmdi rawajlandırıwda belsene qatnasıw jumısların dawam ettiredi;

miynet jámáátlerinde «**Mánáwiyat saatları**»n sistemalı ráwishte dawam ettiriw, olarda mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalardıń mazmunın, áhmiyetin úgit-násiyatlaw jumısların turaqlı túrde alıp baradı;

kárxana, shólkem hám mákemelerde ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajların, sáwbetlesiw kesheleri hám ushırasıwlardı shólkemlestiriw arqalı ǵárezsizligimizge, tınısh hám abadan turmısımızǵa shúkirshilik sezimlerin miynetkeshler sana-sezimine hám qálbine sińdiredi;

jámáátlik shártnamalarda miynetkeshlerdiń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw, ǵalaba sport penen shuǵıllanıwları ushın zárúr shárt-sharayatlardı jaratıp beriliwi máseleleriniń sáwleleniwin támiyinleydi;

turistlik sayaxatlardı, ásirese, ishki turizm imkaniyatlarınan keńirek paydalanıw, miynetkeshlerdi respublikamızdıń tariyxıy qalalarına, dıqqatqa ılayıq orınlarına, sonday-aq ǵárezsizlik jıllarında boy tiklegen imaratlarǵa sayahatların shólkemlestiriw arqalı watanǵa muhabbat, tariyxıy qádiriyatlarımızǵa húrmet sezimlerin qáliplestiriwge qaratıladı.

***Miynetkeshlerdi hám olardın shańaraq aǵzaların sawalandırıw salasında:***

miynetkeshlerdi sawalandırıw, olardıń den sawlıǵın bekkemlewde medicinalıq xızmet kólemin keńeytiriw, onıń sıpatın elede jaqsılaw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardı qollap-quwatlaydı hám islewshiler hám olardıń shańaraq aǵzaların sawalandırıwǵa kómeklesedi;

kárxana, shólkem hám mákemelerdiń qarjı imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda jámáátlik kelisimler hám shártnamalarǵa xızmetkerlerge sanatoriya hám dem alıw úylerine jollamalardı satıp alıw yaki jollamalardıń bir bólegin qaplaw ushın qarjı ajıratıwǵa baylanıslı jumıs beriwshilerdiń minnetlemeleriniń kirgiziliwine erisedi;

jollamalardı arzalar tiykarında tayarlanǵan talapnamalarǵa muwapıq qarjı imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda beriliwine qatań túrde ámel etedi;

barlıq buwındaǵı kásiplik awqamları shólkemleri kásiplik awqamları byudjetlerinde xızmetkerlerdi hám olardıń shańaraq aǵzaların sawalandırıw ushın qarjı ajıratıwǵa erisedi;

sanatoriy-kurort jollamaların tastıyıqlanǵan Nızam hám qaǵıydalarına tolıq ámel etken halda bólistiriliwin támiyinlew, jollamalardan qarızdarlıqtı saplastırıw, keyingi waqıtları kemshilik hám qátelerge jol qoymaw ilajların kóredi;

balalar dem alıw orınlarında dem alıwshı balalardıń sanın kóbeytiw, dem alıw orınlarınıń jumıs sıpatın jaqsılaw, bunda Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası janındaǵı balalardı dem aldırıw hám sawalandarıwdı shólkemlestiriw Departamenti, hákimiyatlar, xojalıq organları, basqa jámáátlik shólkemler menen birge islesiwdi kúsheytedi.

***Qarjı-xojalıq jumısları salasında:***

qarjı-xojalıq jumısların túp-tiykarınan jaqsılaw, aǵzalıq tólemleriniń óndiriliwi, ótkeriliwi, sarıplanıwı ústinen turaqlı túrde qadaǵalaw alıp baradı;

kásiplik awqamlarına aǵzalıq tólemlerin tolıq hám óz waqtında ótkeriliwin támiyinlew, pullı xızmet kórsetiwdi jaqsılaydı;

qarjılardıń Ustav talapları tiykarında tastıyıqlanǵan smetalarǵa muwapıq sarıplanıwın qadaǵalap baradı;

-kásiplik awqamları qarjıları hám mal-múlkin saqlaw, olardan aqılǵa muwapıq paydalanıw, keltirilgen zıyandı óz waqtında qaplanıwın támiyinlew boyınsha tekseriw komissiyalarınıń iskerligin hám tásirsheńligin kúsheytiw, juwapkershiligin asırıwǵa itibar qaratadı.

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi, tarawlıq kásiplik awqamlarınıń respublika keńesleri, tarawlıq kásiplik awqamlarınıń respublika boyınsha juwaplı shólkemlestiriwshileri, kásiplik awqamlarınıń rayon, (qala)lıq keńesleri, birlesken komitetler hám baslanǵısh shólkemler** bunnan bılay kásiplik awqamların shólkemlestiriwshilik tárepten bekkemlew, Nızam hám Ustav talapları tiykarında iskerligin jolǵa qoyıw hám joqarı organlar qabıl etilgen qararların orınlawda atqarıw tártibi hám juwapkershiligin asırıw tiykarǵı wazıypaları etip qabıl etsin. Bul wazıypalardı orınlawda:

atqarıw tártibin bekkemlew, kollegial organlar qararlarınıń orınlanıwın támiyinlewde kásiplik awqamları basshılarınıń jeke juwapkershiligin asırıw ilajların kóriw, olardıń iskerligine bárqulla baha berip barıw;

baslanǵısh shólkemlerdiń abroyın asırıwǵa qaratılǵan jumıslardı turaqlı alıp barılıwın dawam ettiriw, ekonomikanıń barlıq sektorlarında jumıs alıp barıp atırǵan kárxana, shólkem, mákemelerdi tolıq kásiplik awqamlarına tartıw arqalı kásiplik awqamları sanın kóbeytiw jumısların aqırına jetkeriw;

ámelge asırılıp atırǵan jumıslardı keń túrde úgit-násiyatlaw maqsetinde kásiplik awqamları abzallıqların tiykarlaw, kásiplik awqamları aǵzaları aldına waqtı-waqtı menen esabat berip barılıwın jolǵa qoyıw;

aldıńǵı is tájiriybelerin ǵalabalastırıw jumıslarına itibardı kúsheytiw, úlgili jumıs alıp barıp atırǵan shólkemler qatarın keńeytiw, tayanısh shólkemlerdi dúziw hám oqıw-seminarlardı usı shólkemlerde ótkeriliwine tiykarǵı itibardı qaratıw;

kásiplik awqamı xızmetkerleri hám belsendileriniń oqıwın ótkeriw jumısların dawam ettiriw;

kásiplik awqam iskerliginde sanlı hám tarmaqlı texnolgiyalardı engiziw, jańa kompyuter texnikaları menen támiyinlew, internetten paydalanıw, elektron hújjet alınasıwın shólkemlestiriw islerin dawam ettiriw;

jumıs háreketiniń barlıq jónelislerinde sanlastırıw, avtomatlastırıw hám onlay platformalardan paydalanıw jumısların tezlestiriw;

kásiplik awqamları jumısın keń túrde úgit-násiyatlaw maqsetinde ǵalaba xabar qurallarınan keń paydalanıw;

respublikalıq kásiplik awqamlarınıń orınlardaǵı shólkemleri iskerligin muwapıqlastırıw hám olarǵa járdem kórsetiw boyınsha Keńestiń rolin kúsheytiw, óz-ara birge islesiwdi jaqsılawǵa qaratılǵan is-ilajlar belgilew hám ámelge asırıw;

áhmiyetli sociallıq máseleler boyınsha jámáátshilik pikirin úyreniwde belsene qatnasıw, bárshe jámiyetlik birlespeler, ǵárezsiz institutlar hám puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları menen ámeliy birge islesiwdi jáne de bekkemlew jumısların ámelge asıradı.

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń VIII Konferenciyası:**

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń ámeliy járdemlerine súyengen halda, Prezidentimiz hám húkimetimiz tárepinen ámelge asırılıp atırǵan reformalarda kásiplik awqamlarınıń belsene qatnasıwın támiyinleytuǵınlıǵın hám miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq, huqıqıy mápleriniń qorǵalıwın jáne de jaqsılawǵa ózleriniń múnásip úleslerin qosatuǵınlıǵın jáne bir ret úlken isenim menen tastıyıqlaydı.

**Keńes baslıǵı:** **U.Jalmenov**

**«Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń 2020-2025-jıllar dawamında islegen jumısları boyınsha esabatı hám kásiplik awqam shólkemleriniń aldaǵı wazıypaları**

Ótken esabat dáwiri ishinde biz hámmemiz elimizdegi kóp jańalıqlardıń, ózgerislerdiń, jańalanıwlardıń guwası boldıq. elimizde ámelge asırılıp atırǵan hár bir reforma tiykarınan xalqımızdıń párawan turmısın támiyinlewge, olardıń isenimin aqlawǵa qaratılǵan bolıp, bul óz gezeginde dúnya jámiyetshiligi tárepinen tán alınbaqta.

Tikkeley Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoevtıń baslaması menen hám mámleket, hám jámiyettiń barlıq salalarında ámelge asırılıp atırǵan túpkilikli reformalar hám ilajlar adamlarda úlken isenim oyata aldı, olardıń isbilermenlik keypiyatın jáne de kóterdi hám ózleriniń puqaralıq poziciyasın bekkemledi, mámleketlik hám jámiyetlik basqarıwda hár bir adamnıń qatnasıw imkaniyatıń keńeyttirdi, lawazımlı shaxslar tárepinen qabıl etilip atırǵan qararlarda insan mápleri joqarı orın iyeley basladı.

Sonıń ishinde, elimiz basshısınıń tereń hám puqta oylap shıǵılǵan baǵdarlamalı hújjetleriniń qabıl etiliwi hámde ámelge asırılıwı zárúr áhmiyetke iye boldı.

Búgingi kúnde Jańa Ózbekstan rawajlanıw strategiyasın ámelge asırıw procesinde arttırılǵan tájiriybe hám jámáátshilik dodalawı nátiyjeleri tiykarında islep shıǵılǵan hám 2023-jılı qabıl etilgen **"Ózbekstan-2030"** strategiyası ámelge asılmaqta.

Álbette, Prezidentimizdiń qollap-quwatlawı arqasındaǵı Qaraqalpaqstanǵa bolǵan ayrıqsha itibarı nátiyjesinde erisken bunday jetiskenliklerdi sheksiz dawam ettiriwimiz múmkin. Qolǵa kirgizilgen bunday tabıslar, sociallıq-ekonomikalıq salalardaǵı úlken joybarlardı ámelge asırıwǵa qaratılǵan is-háreketler xalqımızdıń erteńgi kúnge bolǵan isenimin bunnan bılayda bekkemleydi dep isenemen.

Arqamızǵa bir qarap, biz basıp ótken jolımızdan juwmaq shıǵarıw hám aldımızda turǵan baslı baǵdarlar, tiykarǵı jónelisler hám wazıypalardı anıqlap, belgilep alıwımız kerek.

Biz kásiplik awqamları jámiyetlik turmısımızda, kásiplik awqamları háreketinde, sociallıq keńisliklerde bolıp atırǵan ózgerisler, xabar-jańalıqlardı qabıl etip hám oǵan tez háreket etiwge úlgermey qalatuǵın waqıtlar bolıp atır.

Biziń statusımız ózgerip atır, bizler Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń ajıralmas bir bólegine aylandıq. Kásiplik awqamları respublikamızdaǵı eń úlken puqaralıq jámiyet institutlarınıń biri sıpatında usı baǵdarda sociallıq sherikshilik principleri tiykarında jumıs alıp barıp úlken jetiskenliklerge erispekte.

Sebebi bul princip derlik dúnyanıń kópshilik mámleketleriniń mámleket, jumıs beriwshiler hám kásiplik awqamları wákillerin teń tiykarda birlestirgen Xalıqaralıq Miynet SHólkeminiń (XMSH) jumıs háreketiniń tiykarın quraydı.

Kásiplik awqamlar húkimetimizdiń eń jaqın birge islesiwshi hám isenimli sheriklesi sıpatında miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵawda, olardı hár tárepleme qollap-quwatlaw jumıslarında ózleriniń úlken úlesin qosıp kelmekte.

Bunday degenimniń sebebi, hámmeńizdiń xabarıńız bar, **2020-jıl "Ilim-máripat hám sanlı ekonomikanı rawajlandırıw", 2021-"Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıq salamatlıǵı bekkemlew", 2022-"Insan qádirin ulıǵlaw hám belsendi máhálle jılı", 2023-"Insanǵa itibar hám sapalı tálim jılı", 2024-"Jaslar hám biznesti qollap-quwatlaw"**, hám **2025-"Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám jasıl ekonomika"** jıllarında mámleketlik baǵdarlamalardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde hám qabıl etilgen is-ilajlar tiykarında islewshiler hám olardıń shańaraq aǵzaların hár tárepleme qollap-quwatlaw, hayal-qızlar, jaslar, sonday-aq ayrıqsha sociallıq qorǵawǵa mútáj adamlar, sonıń ishinde mayıplar, kekse adamlar, jası jetpegenler, pensionerler, internacionalist-jawıngerler, CHernobıl apatshılıǵı qatnasıwshıların sociallıq jaqtan qorǵaw boyınsha jumıslar kúsheyttirildi. ótken bes jıldıń ishinde usı taypadaǵı **60 mıń 833 adam**ǵa miynet jámáátlerinde qabıl etilgen jámáátlik shártnamalar arqalı **20 mlrd. 131 mln. 885 mıń 70 swm** muǵdarında járdemler kórsetildi. Sonnan **12 mlrd. 13 mln. 443 mıń swm**ı kárxana, mákeme, shólkemler esabınan, **8 mlrd. 118 mln. 442 mıń 50 swm**ı kásiplik awqamları shólkemleri esabınan qaplandı.

Álbette, bir qaraǵanda kóp muǵdardaǵı qarjı, maǵlıwmatta kórsetilgennen keyin kásiplik awqamları tárepinen ajıratılǵanday bolıp kórinedi. Biraq haqıyqatında da – bul sociallıq sherikshilik principi, yaǵnıy sociallıq sóylesiwler tiykarında ekonomikanıń izshil rawajlanıwın támiyinlewshi ekonomikalıq rawajlanıw hám sociallıq ádillik talapları arasındaǵı tuwrı joldı tabıwshı nátiyjeli qural bolıp sanalıp, joqarıdaǵı nátiyjelerge usınıń arqasında erisip atırǵanlıǵımızdıń guwası.

2019-jılı ratifikaciya qılınǵan Xalıqaralıq Miynet SHólkeminiń 144-sanlı Konvenciyası talapların orınlaw, milliy úsh tárepleme sociallıq sóylesiwlerdi elede rawajlandırıw maqsetinde Qaraqalpaqstan húkimeti, sawda-sanaat palatası hám kásiplik awqamları wákillerinen ibarat sociallıq-miynet máseleleri boyınsha úsh tárepleme aymaqlıq komissiya hám usı komissiya qasında miynet arbitrajı quramı tastıyıqlandı hám házirgi kúnde jámáátlik tartıslardıń aldın alıw boyınsha nátiyjeli jumıs alıp barmaqta.

Sociallıq jóneltirilgen bazar ekonomikası sharayatında sociallıq hám miynet múnásibetleri mámlekettiń turaqlı progressiv rawajlanıwı hám bekkem siyasıy ortalıǵın jaratıw ushın eń zárúri ekenligi teoriyada hám ámeliyatta da kóp waqıttan berli dálillenip kelinbekte. Usıǵan tiykar Qaraqalpaqstanda miynet hám sociallıq-ekonomikalıq máselelerdi sheshiw sociallıq sherikshiliktiń mexanizmleri bolǵan – húkimet, qásiplik awqamları hám sawda-sanaat basqarması arasında Aymaqlıq jámáátlik kelisim, **8** tarawlıq jámáátlik, **17** jámáátlik kelisimler hám **7480** jámáátlik shártnamaların qabıl etiwge erisildi.

Búgingi kúnge kelip, jámáátlik shártnamalar **1,2** esege ósti. Jámáátlik shártnamalar menen islewshilerdi qamtıp alıw 2020-jılǵa salıstırǵanda sol dárejege, jámáátlik shártnamalar arqalı hár bir islewshige ortasha sarıplanǵan qarjı muǵdarı derlik **3 ese**ge kóbeyip, **6 mln. 474 mıń 900 swm**dı quradı.

Biraq biziń tiykarǵı quralımız - jámáátlik shártnamalar arqalı miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵawdı kúsheytiw, onıń tásirsheńligin asırıw máselelerine ele de jeterli kewil bóle aldıqpa, yamasa usı baǵdardaǵı jumıslardı rawajlandırıwımız hám jaqsı jolǵa qoyıwımız ushın ne islewimiz kerek, qanday qararlar qabıl etiwiliwi zárúr?, mine usı sorawlar átirapında tereńirek oylanıwımız kerek boladı.

Orınlarda jámáátlik shártnamalardıń áhmiyeti artıp, miynet múnásibetlerin retlestiriwshi huqıqıy normativ hújjetke aylanǵanı menen, ayrım orınlarda nemquraydılıqqa jol qoyılmaqta. Mısalı, jámáátlik shártnamalardıń orınlanıwı ushın hár bir islewshige sarıplanǵan qarjı Bilimlendiriw hám ilim xızmetkerleri tarawında **2609,6** mıń swm hám Transport, jol hám kapital qurılıs, qurılıs industriyası tarawında **3986,0** swm átirapında bolıp, bul aymaq boyınsha ortasha kórsetkishten ádewir dárejede pás degendi bildiredi.

Sonday-aq tarawlardaǵı ekspertiza komissiyaları tárepinen jámáátlik shártnamalardı ekspertizadan ótkeriw sapası tómenlep, ayrım ápiwayı máselelerge jeterli itibar berilmey, miynetkeshlerdiń huqıqlarınıń kemsitiliw halatları ushıraspaqta, baslanǵısh shólkemlerde jámáátlik shártnamalardı qabıl etiw múddetleri saqlanbay atır. Bunnan bılay bul jumıslar jaqsı jolǵa qoyıw ushın anıq maqsetli is-ilajlar jobasın islep shıǵıwımız kerek boladı.

Joqarı da aytıp ótilgen hújjetlerde belgilengenindey, hár jılı mámleketlik organlar, jumıs beriwshiler hám kásiplik awqamları belsendileri qatnasıwında **"Miynet salasındaǵı zárúr áhmiyetke iye kerekli máseleler"** temasında Dógerek sáwbetleri ótkerilip, olarda kásiplik awqamları aǵzaları tárepinen kóterilgen, sheshimi mámleketlik mákemelerge baylanıslı bolǵan mashqalalar hám usınıslardıń ortaǵa taslanıwı hám dodalanıwı, nızamlı túrde sheshimniń izleniwi dástúrge aylandı.

Ótken esabat dáwirinde usınday Dógerek sáwbetlerge baslanǵısh shólkemler, taraw kásiplik awqamları tárepinen **100** ge jaqın máseleler alıp shıǵılıp, aymaq kóleminde tiyisli ministrlik hám mákemeler wákilleri menen birgelikte sheshimin tabıwǵa erisildi, bir qatar máseleler Respublika kólemindegi wákillikli organlarǵa jiberildi.

Bunıń bir mısalı, berilgen usınıslar tiykarında xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılaw, ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń tiyisli qararı qabıl etilip, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń bir qatar rayonları tábiyǵıy-ıqlım sharayatları awır hám qolaysız bolǵan aymaqlar dizimine kirgizilip, derlik barlıq rayonlarda rayonlıq koefficientler belgilendi.

Kárxana, mákeme hám shólkemlerdegi islewshilerdiń miynet haqısınıń óz waqtında tóleniwine erisiw, onın ústinen qadaǵalaw alıp barıw, miynetke haqı tólewdiń ádil sistemasın engiziw, islewshilerdiń miynet haqısı hám basqa da dáramatlarınıń kóbeyiwine kómeklesiw kásiplik awqamlardıń tiykarǵı wazıypalarınıń biri bolıp qalmaqta.

Esabat dáwirinde kásiplik awqamları shólkemleri tárepinen miynet haqı, pensiya, stipendiya, májbúriy hám kompensaciyalıq tólemlerdiń óz waqtında tóleniwin ámelge asırıw boyınsha alıp barılǵan monitoring analizi miynet haqıdan qarızdarlıqtı saplastırıw máseleleri boyınsha jumıs beriwshilerge **11 ret**, jergilikli atqarıwshı hákimiyat organlarına **4 ret** rásmiy talapnamalar qoyıldı hám nátiyjede **21 mlrd. 959 mln. swm**nan artıq múddeti ótken qarızdarlıqlar óndirilip berildi.

Búgingi kúnge kelip miynet haqıdan múddeti ótken qarızdarlıqqa "Ustyurt qıdırıw-burǵılaw basqarması" juwapkershiligi sheklengen jámiyetinde "Wzbekneftegaz" AJ tárepinen óz waqtında qarjı ajıratılmaǵanlıǵı sebepli turaqlı túrde jol qoyılıp kelmekte. Álbette, bunday kemshiliklerge shek qoyılatuǵın waqıt keldi.

Biz kásiplik awqamları miynetke haqı tólew sisteması hám onı normalastırıwdıń sociallıq-ádil sistemasın engiziwge, miynetke haqı tólewdiń nızamlarda belgilengen tártibin saqlaw boyınsha jumıs beriwshilerdiń juwapkershiligin asırıw mexanizmin ámelde qollanılıwına, miynet haqını keshiktirip beriw jaǵdaylarınıń toqtatılıwına erisiwimiz kerek.

Húrmetli Prezidentimiz SH.Mirziyoev óz shıǵıp sóylewlerinde “*...**.insan, onıń ómiri, huqıqları menen erkinliklerin qorǵaw, nızamlı máplerin támiyinlew, insan qádirin ulıǵlaw - bul baǵdardaǵı reformalarımız orayına alıp shıǵılmaqta**”*- degen edi.

Haqıyqatında da Konstituciyamızda *«.... **Insan, onıń ómiri, erkinligi, ar-namısı, qádir-qımbatı joqarı qádriyat bolıp esaplanıwı..**»* belgilep berilgen. Sonlıqtan miynetkeshlerdiń máplerin qorǵawdaǵı hár bir háreketimiz huqıqıy negizler menen tereń baylanısqan hám nızam sheńberinde bolıwı talap etiledi.

Sońǵı jıllarda puqaralardıń huqıqıy mádeniyatı, sanası anaǵurlım dárejede ósip atırǵanlıǵın, olardıń kásiplik awqamlarǵa óz huqıqları máselesinde múrájatlerinen kórse boladı.

Ótken esap beriw dáwirinen baslap búgingi kúnge shekem Keńeske yuridikalıq hám fizikalıq táreplerden jámi **2541** múrájat, sonnan **1456** jazba, **916** awızeki, **77** elektron, **92** isenim telefonları arqalı múrájatler kelip tústi. Bul ótken esabat dáwiri menen salıstırǵanda derlik **50 payız**ǵa kóbeygenligine derek beredi. esap-beriw dáwirinde **729** múrájat kásiplik awqamlarınıń usınısları hám sudlarda kórip shıǵılıwı menen tolıq qanaatlandırıldı. **1680** múrájat iyesine miynet xuqıqları boyınsha túsindiriwler berildi. **61** múrájat tiyislisinshe basqa wákillikli organlarǵa jiberildi.

Múrájatlerdi mazmunı boyınsha tallap kórgenimizde, huqıqıy qorǵaw boyınsha **1578,** miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw boyınsha **488,** miynetti qorǵaw boyınsha **37**, kásiplik awqamlardın shólkemlestiriw-huqıqıy iskerligi boyınsha **106,** sawalandırıw boyınsha **58**, materiallıq járdem ajıratıw boyınsha **209**, sociallık-miynet múnásibetlerine baylanıslı bolmaǵan basqa másele boyınsha **20**, kásiplik awqamlarınıń wákilligine tiyisli bolmaǵan másele boyınsha **44** hám paxta jıyın terimine baylanıslı **1** múrájat kelip túsken.

Usı múrájatlar menen islesiw dawamında **6 mlrd. 157 mln. 49 mıń 929 swm** miynet haqı hám oǵan teńlestirilgen tólemler, kompensaciyalar, ruwxıy zıyanlar múrájat etiwshilerdiń paydasına óndirilip berildi.

Múrájáát etkenlerdiń kópshilik bólegin mámleketlik sektorı mákemelerine tiyisli bolıp qalmaqta. Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat, den sawlıqtı saqlaw, tarawları boyınsha múrájáátlerdi tallap kórgenimizde derlik kópshiligi miynet shártnamasın nızamsız túrde biykar etiw, miynet shártnaması shártlerin ózgertiw, intizam sharalarınıń nadurıs qollanılıwına baylanıslı bolıp qalıp, taraw jumıs beriwshileriniń xuqıqıy bilim dárejesiniń tómen ekenliginen, sonday-aq usı taraw kárxanaları kásiplik awqam shólkemleriniń itibarsızlıǵınan usınday awhal kelip shıqpaqta.

Derlik bunıń barlıǵı miynet múnásibetleri menen baylanıslı múrájáátler bolıp, basqa másele boyınsha múrájáát etiwide múmkin emes.

Usı jerde orınlı soraw tuwıladı, joqarıdaǵı qala hám rayonlarda kásiplik awqamlarǵa aǵza bolmaǵan kárxana, mákeme hám shólkemlerde islewshilerden basqa, atı atalǵan **tarawlardıń bárshesinde baslanǵısh kásiplik awqam shólkemleri,**

**rayonlıq keńesleri bar emespe?- Usı sorawǵa Sizlerden qanday juwap alsaq boladı?....** Keńeske shekem, ayrım jaǵdaylarda Federaciyaǵa shekem jetip barǵan múrájáátti óz bilimimizden, huqıqımızdan hám wákilligimizden paydalanıp ornında sheshiwdiń imkanı joqpa edi?

Joqarıda aytıp ótkenimizdey, puqaralardıń huqıqıy mádeniyatı, sanası anaǵurlım dárejede ósip atırǵan bolsa da, sonıń menen qatar, jumıs beriwshiler tárepinen nızam buzıwshılıqlarda kemeyip atırǵan joq. Tómengi buwın kásiplik awqam shólkemlerinde de, jumıs beriwshilerde de nızam talaplarınıń orınlanıwına ústirtin qarawı dawam etip atırǵanlıǵı kásiplik awqamlar ushın ele de huqıqıy jaqtan qorǵaw jumısların kúsheytiwimizdi talap etedi.

Jumıssız puqaralardı, ásirese jaslardı jumısqa ornalastırıw maqsetinde 2020-2025-jıl dawamında qala hám rayonlarda **1126** bos jumıs orınları yarmarkaları ótkerildi. ótkerilgen miynet yarmarkalarına 2020-2025-jıl dawamında **26 mıń 447** kárxana hám shólkemler 7**5 mıń 380** bos orınları menen qatnastı.

Usı jıllar dawamında bul yarmarkalarǵa **47 mıń 899** jumıssız puqara qamtılıp, **21 mıń 532** puqaraǵa jumısqa jaylasıw ushın jollanbalar berilip, sonnan **20 mıń 949** puqara jumısqa ornalastırıldı.

Sonday-aq 2020-2025-jıllar dawamında Qaraqalpaqstan Respublikasında sociallıq qorǵawǵa mútáj ham jumıs tabıwda qıynalıp atırǵan shaxslardı jumısqa ornalastırıw ushın **8893** jumıs orınları bánt qılınıp, sonnan **7807** puqaralar jumısqa jaylastırılǵan. Solardan **3649** er adamlar, **4158** hayal-qızlar hámde **2903** jaslardı quraydı.

Biz bul jónelistegi jumıslarımızǵa sın názer menen qaray otırıp, Bántlik dástúrleriniń ámelge asırılıwı ústinen tásirli jámáátshilik qadaǵalawdı kúsheyttiriwde, yaǵnıy joqarıdaǵı monitoring jumısların **talap dárejesinde ámelge asırdıq pa?** monitoring jumıslarınıń juwmaqları boyınsha tiyisli juwapker orınlarǵa óz **kóz-qarasımızdı bildire aldıqpa?** nátiyjesi qanday boldı, **sonıń aqırına jettikpe?** - mine usı sorawlarǵa juwap izlewimiz kerek boladı.

Sebebi, kásiplik awqamlar háreketiniń nátiyjeliligin asırıw ushın Ustavta belgilengen huqıq hám wazıypaların sıpatlı atqarıwımız, qarjı siyasatın ámelge asırıwımız hám onı bekkemlewimiz zárúr boladı. Álbette, bazar ekonomikası sharayatında jumıs orınlarınıń qısqarıwı, kárxanalardıń saplastırılıwı, yamasa ayrım tarawlardıń qosılıp ketiliwi hám ayrım kásiplerdiń joq bolıp ketiwi tábiyǵıy. Qanday bolǵan jaǵdayda da bul kásiplik awqam aǵzaları sanınıń kemeyiwi, qarjı imkaniyatlarımızdıń páseyiwine alıp keledi.

Bunıń ushın respublikalıq bántlik baǵdarlamalarına belsendi qatnasıwdı, jumıstan bosaǵan islewshilerdi qayta oqıtıw hám qánigeligin jetistiriwdi shólkemlestiriw, olardı kásiplik awqamǵa aǵzalıqqa qabıl etiw, ásirese hayallar hám jaslardıń huqıqlarınıń qorǵalıwına ayrıqsha itibar beriw zárúr boladı.

Miynetti qorǵaw, jumıs ornındaǵı miynet sharayatları máseleleri kásiplik awqamları ushın miynet haqı, jumıs penen bántlik máseleleri menen bir orında turadı. Miynetti qorǵaw máselesi elimizdiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń zárúr faktorı bolıp, islep shıǵarıwdaǵı, kásip kesellikleri, baxıtsız hádiyseler islewshiler

ushında, kárxana ushında, hátteki mámleketimiz ushında ornı tolmaytuğın materiallıq hám morallıq jaqtan joğaltıwlarğa alıp keliwi múmkin.

Bul máselege pútkil dúnya júzinde úlken itibar qaratılıp atır. Keyingi waqıtları usı salağa **"sanaat qáwipsizligi"**, **"jasıl jumıs orınları"**, **"klimat ózgerisi"**, **jasalma intellekt"** kibi jańa atamalar kirip kelmekte.

Biziń sharayatımızda 2020-2025-jıllar dawamında miynetti qorğaw boyınsha **25 mıń 685** is-ilaj belgilenip, sonnan **14 mıń 721** ilaj orınlanğan hám usı ilajlar ushın **61 mlrd. 225 mln. 400 mıń** swm qarjı sarplanğan. Respublika boyınsha ótken esap beriw dáwirinde hár bir islewshige ortasha **50300 swm**nan tuwra kelip, aldıńğı dáwir menen salıstırğanda **1,7 ese**ge ósken. **744** baslanğısh kásiplik awqamları shólkemleriniń miynetti qorğaw boyınsha alıp barıp atırğan jumısları úyrenip shığılğan bolsa, olarda **4003** miynetti qorğaw nızamshılığı talapları, qağıydaları hám normalarınıń buzılğanlığı anıqlandı hám anıqlanğan kemshilikler boyınsha jumıs beriwshilerge tiyisli túrde **601 ret** kórsetpeler berilip, kásiplik awqamlarınıń aralasıwı menen **3860** kemshilik saplastırılğan.

Miynetti qorğaw boyınsha ilájlardıń orınlanıwına islewshilerge miynet wazıypaların orınlaw menen baylanıslı jaraqatlanıw, kásip keselliklerine shalınıwı yamasa den sawlığınıń basqa túrli shikáslanıwı aqıbetinde jetkizilgen zıyandı jumıs beriwshi tárepinen óz waqtında tolıq qaplanıwı ústinen kelip shıqqan tartıslar máselesinde bólimge **67** múrájat kelip túsip, qánigeler qatnasıwında sud processlerinde jámi **3 mlrd. 925 mln. swm** qarjıları óndirilip berildi.

Sonday-aq, 2024-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Prokuraturası menen birgelikte alıp barğan monitoring jumısları dawamında Respublikamız aymağında jámi **216** miynet mayıbı bar bolıp, sonnan **186** puqarağa jumıs beriwshileri tárepinen zıyan tólemleri óz waqtında tólenip kiyatırğanlığı, **30** puqarağa bolsa zıyan tólemleri óz waqtında tólenbesten kiyatırğanlığı anıqlanıp, usı anıqlanğan **30** puqaranıń mápin gózlep, puqaralıq isleri boyınsha sudlarğa jámi **794 mln. 919 mıń 131 swm** muğdarında zıyan tólemlerin óndiriw haqqında dawa arzalar kiritilip, zıyan tólemleri óndirip berildi.

Ózbekstan Respublikasınıń "Miynetti qorğaw haqqında"ğı Nızamı hám usığan baylanıslı basqa da huqıqıy-normativ hújjetlerindegi jańalıqlar, islep shığarıwdağı jaraqatlanıw hám kásip keselligine shalınıwdıń aldın alıwğa qaratılğan úgit-násiyat ilajları ótkerilip, oğan **126** kárxana hám mákemelerden **3440** islewshi-xızmetkerler qatnastı.

Paxta hasılınıń jıyın terimi mapazında Milliy monitoring ótkeriw procesinde **303** obektte úyreniwler alıp barıldı. Paxta jıyın terimi pulların tólemew halatları boyınsha **12** obektte **1 mlrd. 76 mln. 513 mıń swm** terim pulları óndirilip berildi.

Sońğı bes jıl dawamında Qaraqalpaqstan Respublikasında kásiplik awqamlar xızmetindegi kárxana, mákeme hám shólkemlerde 33 baxıtsız hádiyse júz bergen. Sonıń 11 aqıbeti ólim menen, 13 awır jaraqat penen, 12 jeńil jaraqat penen tamamlanğan. **Bunday unamsız halatlardıń sebebi neden ibarat?**, bunıń juwabı – kásiplik awqamları shólkemleri jumıs beriwshiler aldına usı máselede qatań talaplardı qoymay atırğanlığı. Qabıl etilgen jámáátlik shártnamalardıń derlik **60-70** payızında miynetti qorğaw kelisimleriniń qabıl etiliwine jeterli itbar qaratılmay, jıldan-jılğa kóshirip jazılıwı, miynetti qorğawğa qarjınıń az muğdarda, ásirese mámleketlik

byudjet penen qarjılandırılatuğın kárxanalarda, az ajıratılıwı yamasa ulıwma ajratılmawı sebebinen usınday awhallar kelip shıqpaqta.

Ayrım kórsetkishler aldıńģı jıllarģa salıstırģanda jaqsılanģan, biraq ele de zaman talapları dárejesine jetkenimiz joq, miynetti qorģaw salasında kásiplik awqamlardıń aldında orınlanıwın kútip turģan isler ele kóp.

Kásiplik awqamlar jumısınıń baslı baģdarlarınıń biri – ǵárezsizligimizdiń ruwxıy tiykarların jáne de bekkemlew, ózligimizdi ańlap jetiw, xalıq tınıshlıģı hám abadanshılıģı, milletleraralıq tatıwlıq, watandı súyiwshilik ruwxında kámil insandı tárbiyalaw, bul jumıslardı qollap-quwatlaw bolıp tabıladı.

Elimizde ruwxıy-aģartıwshılıq reformaları mámleket siyasatınıń baslı baģdarlarınıń biri bolıp - respublika kásiplik awqamlarınıń bul máseledegi dıqqat-itibarı elimiz ǵárezsizliginiń ruwxıy tiykarların jáne de bekkemlew, ózligimizdi ańlap jetiw, xalıq tınıshlıģı hám abadanshılıģı, milletleraralıq tatıwlıq, watandı súyiwshilik ruwxında kámil insandı tárbiyalaw sıyaqlı aldımızģa qoyģan ullı maqsetlerge qaratılģan.

***"Eger jámiyet turmısınıń denesi ekonomika bolsa, onda onıń janı hám ruwxı mánáwiyat boladı. Biz jańa Ózbekstandı qurıwģa qarar qılģan ekenbiz, eki bekkem ústinge tayanamız. Birinshisi – bazar principlerine tiykarlanģan kúshli ekonomika. ekinshisi – babalarımızdıń bay miyrası hám milliy qádriyatlarģa tiykarlanģan kúshli mánawiyatı"*** – degen edi Prezidentimiz **SH.Mirziyoev.**

Usı wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlew, xalqımızdıń mánawiyatın joqarı basqıshqa kóteriw, Jańa Ózbekstan strategiyasın miynetkesh xalıq arasında keń úgit-násiyat qılıw maqsetinde ótken esabat dáwirinde **10 mıń 517** kárxana, mákeme hám shólkemlerde **"Mánawiyat saģatları"** ótkerilip olarda **991 mıń 844** islewshi xızmetkerler qatnastı.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası, Ózbekstan Respublikası bilimlendiriw ministrligi menen birgelikte elimizde ámelge asırılıp atırģan reformalardı tereń uģınıw hám olar haqqında pikir júrgiziw kónlikpelerin, Watanımızdıń taģdiri, erteńgi kúni hám keleshegine táshwishleniw tuyģısın rawajlandırıw, olarda dóretiwshilik, sın-kóz-qaras, basqasha pikirlew, sóylew, beyimlesiw, óz pikirin kórkemlep bayanlaw kónlikpelerin qáliplestiriw maqsetinde mektep oqıwshıları arasında shólkemlestirilgen **"Meniń Prezidentim"**, Temurbekler mektepleri arasında ótkerilgen **"Jańa Ózbekstanģa qanat bolamız"**, joqarı oqıw orınları arasında ótkerilgen **"Jańa Ózbekstandı ózimiz, óz qollarımız benen quramız"** atamasındaģı shıģarmalar jazıw kórik-tanlawlarģa Qaraqalpaqstanlı jaslar belsendi qatnasıp sıylı orınlardı iyeledi hám bahalı sawģalar menen sıylıqlandı.

Hár jılı is-jobalarındaģı arnawlı ilájlar arqalı mádeniyat, dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw, ruwxıy-aģartıwshılıq jumısların en jaydırıw, tariyxıy orınlarģa sayaxatlar shólkemlestiriw, kórik tańlawlar, sport jarısları, qosıq hám basqada bayramlar ótkeriw dástúrge aylanģan.

Esabat dáwirinde Ózbekstan hám Qarakalpaqstan respublikaları aymaģındaģı tariyxıy orınlarģa **54 mıń 109** islewshi xızmetkerler hám olardıń shańaraq aģzalarınıń sayaxatları shólkemlestirildi.

Hámmemizdiń xabarımız bar, sońǵı jılları jańa Ózbekstanda sport siyasat dárejesine shıqpaqta. Mámleketimizde dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw, ǵalaba sawalandırıw háreketlerin úgit-násiyatlaw, xalıqaralıq maydanlarda elimiz abırayın asırıw boyınsha qılınıp atırǵan isler dıqqatqa ılayıq. **Júdá alısqa barmay-aq ótken jılǵı shaxmatshılarımızdıń jeńisi, usı jıldıń ózinde 17 jastaǵı jas futbolshılarımızdıń Aziya chempionı bolıwı, keshe jaqında ǵana futbol boyınsha Ózbekstan saylandı komandasınıń 2026-jılǵı jáhán chempionatına waqtınan burın jollamanı qolǵa kirgiziwi, álbette hár bir adamnıń kewlinde maqtanısh payda etedi.**

Prezidentimizdiń **”Salamat turmıs tárizin keń en jaydırıw hám ǵalaba sporttı rawajlandırıw is-ilajları haqqında”ǵı** Pármanı menen elimizde salamat turmıs tárizi boyınsha baslanǵan jumıslar, ǵalaba sporttı rawajlandırıw ilajları jańa basqıshqa kóterildi. Qarjı hám ayrıqsha sharayat talap qılmaytuǵın sport penen shuǵıllanıw jolǵa qoyıldı.

Usıǵan tiykar Qaraqalpaqstan kásiplik awqamları óz iskerliginiń tiykarǵı jónelisleriniń biri bolǵan kásiplik awqam aǵzaların sawalandırıw, olar arasında ǵalaba sport ilajların ótkeriw hám olardıń sport penen shuǵıllanıwları ushın sharayatlar jaratıwda belsendilik kórsetip kelmekte.

Ótken jıllar dawamında barlıq buwındaǵı kásiplik awqam shólkemleri tárepinen **2160** sport jarısları ótkerilip, olarǵa **203 mıń 286** islewshi-xızmetker qatnastı.

Bul jarıslardı ótkeriwden gózlengen maqset salamat turmıs tárizin qáliplestiriw, adamlar hám islewshiler arasında sporttı elede keń en jaydırıw hám rawajlandırıw, kásip kesellikleriniń aldın alıw hámde ǵalaba sport-sawalandırıw ilajlarında eń kúshli qatnasıwshılardı anıqlaw hám xoshámetlewlerden ibarat. Sebebi kásiplik awqamları sportınan shıqqan xalıqaralıq arenalarda, jáhán chempionatlarında, Aziya oyınlarında hám olimpiadalarda chempionlıqtı qolǵa kirgizgen, sıylı orınlardı iyelegen sportshılarımız barshılıq. olardan **Akbar Juraev** - awır atletika boyınsha 2 ret olimpiada chempionı, jáhán rekordshısı, **SHaxmurat Xalmuratov, Nurilson Tuxtasin ulı, SHexroz Xakimov, Dilshod Xudayberidiev** – baydarka, kanoe hám akademiyalıq eskek esiw boyınsha Aziya oyınları chempionları, solardıń ishinde Qaraqalpaqstannan jáhán arenalarında jaqsı nátiyjelerge erisken **Baxram Mendibaev, Rustam Jangabaev, Raxima Matyakubovalar** menen maqtansaq arzıydı.

Miynetkeshlerdiń arasında mádeniy-aǵartıwshılıq jumısların elede janlandırıw, olardı maqsetke muwapıq shólkemlestiriw, sanaǵa milliy ideyanı sińdiriw, islewshilerdi hám jaslardı sportqa keń túrde tartıw, kásiplik awqam jumısların ǵalaba xabar quralları arqalı keń járiyalaw, bul baǵdarda sociallıq sherikshilik tiykarında birge islesiwdi jaqsı jolǵa qoyıw jumıslarına bunnan bılayda úlken itibar qaratıwımız zárúr.

Elimizde insan máplerin qorǵaw, olardıń den sawlıǵın bekkemlew sistemasın jetilistiriw, salamat áwladtı tárbiyalaw ushın sharayatlar jaratıw boyınsha kóp ǵana ilájlar ámelge asırılmaqta.

Kásiplik awqamları tárepinen miynetkeshlerdi hám olardıń shańaraq aǵzaların sawalandırıw, sociallıq qamsızlandırıw qarjıların basqarıwdı jetilistiriw, sawalandırıw mákemeleriniń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hám sıpat dárejesin jaqsılaw salasında sistemalı jumıslar alıp barılıp atırǵanlıǵınıń guwasımız.

Ótken esabat dáwirinde sanatoriyalarda tek ǵana sociallıq qamsızlandırıw qorı jollamaları esabınan **7098** islewshi-xızmetker, sonnan **1103** islewshi-xızmetker biypul sawalandırıldı, bul maqsetlerge **30 mlrd. 983 mln. 896 mıń 600 swm** qarjı sarplandı.

Sonday-aq búgingi kúnde tastıyıqlanǵan tártip-qaǵıyydalarǵa muwapıq baslanǵısh shólkemlerde jıynalǵan aǵzalıq tólemlerdiń **10** payızı esabınan miynetkeshlerdi hám olardıń shańaraq aǵzaların sawalandırıw jumısları joǵa qoyılǵan. esabat dáwirinde kásiplik awqamları qarjıları esabınan **7281** islewshi-xızmetker hám olardıń shańaraq aǵzaları **23 mlrd. 871 mln. 729 mıń swm**lıq sanatoriy jollamaları menen támiyinlengen.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoevtıń **2020-jıl 2-oktyabr** kúni Qaraqalpaqstan Respublikasına saparı dawamında hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń gezeksiz segizinshi sessiyasında berilgen tapsırmaları hám **2020-jıl 8-oktyabrdegi** "Qaraqalpaqstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwda ushırasıp atırǵan mashqalalar hám olardı saplastırıw boyınsha ámelge asırılıwı tiyis bolǵan ilajlar haqqında"ǵı **73-sanlı** májilis protokolınıń **103-bánti**ne muwapıq, Ózbekstan kásiplik awqamları tárepinen Bozataw rayonında **2021-jılı** sanatoriya qurıw boyınsha wazıypa belgilengen edi.

Mine usıǵan tiykar Bozataw rayonındaǵı sanatoriydıń irgetası **2023-jılı 10-mart kúni** Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasi hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi basshıları tárepinen qalanǵan bolsa, mine jaqın arada zamanagóy sanatoriy qurılısı tamamlanıp, paydalanıwǵa tapsırıw aldında tur. Xalqımız alısqa barmay-aq ózimizde den sawlıqların bekkemlew imkaniyatına iye boladı. Demek, bul Qaraqalpaqstan xalqına Prezidentimizdiń jáne bir sawǵası, **biz bunıń ushın Jurtbasshımızǵa sheksiz minnetdarshılıǵımızdı bildiremiz.**

Watanımızdıń Ǵárezsizliginiń dáslepki kúnlerinen baslap-aq aldımızǵa hár tárepleme jetik bárkamal awladtı tárbiyalaw máselesi tiykarǵı baǵdarlardıń biri bolıp qoyıldı. Húrmetli jurtbasshımızdıń basshılıǵında mámleketimizde jas awladtıń intellektual rawajlanıwı, mánawiy hám fizikalıq kamalǵa keliwi jolında keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta. Bunda balalardıń jazǵı dem aldırıw hám sawalandırıw jumısları ayrıqsha orın tutpaqta.

Ótken esabat dáwirinde aymaqtaǵı **11** stacionar túrdegi balalardı sawalandırıw oraylarında **32 mıń 482 bala** dem aldırılıp, solardıń ishinde **11 mıń 772** "SHanaraqlıq balalar úyi"niń hám kem támiyinlengen, baǵıwshısın joǵaltqan úylerdiń balaları dem aldırıldı. **69** mádeniyat hám sport maydanshalarında **73 mıń 703 bala** shuǵıllanıp, sawalandırıldı. Usı maqsetler ushın jámi **27 mlrd. 282 mln. 12 mıń swm**, sonnan kásiplik awqamları esabınan **10 mlrd. 818 mln. 452 mıń swm**, mámleketlik byudjeti esabınan **11 mlrd. 958 mln. 10 mıń swm**, kommerciyalık túsimlerden **80 mln. 950 mıń swm** hám balalar qorı esabınan **4 mlrd. 424 mln. 600 mıń swm** qarjı sarplandı.

Sonday-aq, 2021-jıl 24-29-sentyabr kúnleri jazǵı dem alıw máwsiminen tısqarı Tashkent walayatı Buka rayonındaǵı "Mexribanlıq úyi"nen **113** tárbiyalanıwshı hámde Xojeli rayonındaǵı "Mexribanlıq úyi"nen **90** tárbiyalanıwshıları jámi **203** bala Moynaq rayonındaǵı "Aq keme" orayında biypul sawalandırıldı.

2022-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵındaǵı "Xayallar dápteri", "Temir dápteri"ne kiritilgen shańaraqlardıń perzentlerin Andijan, Buxara, Jizzax, Qashqadarya,

Namangan, Nawayı, Surxandarya, Sırdarya, Ferǵana, Tashkent hámde Xorezm walayatlarındaǵı stacionar túrdegi oraylarda **2 mıń 426 bala** biypul dem aldırıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 18-noyabrdegi **"Balalardıń dem alısın dizimli shólkemlestiriw hám sawalandırıu jumısların elede jetilistiriwge baylanıslı qosımsha is-ilajları haqkında"ǵı** qararın támiyinlew maqsetinde Ózbekstan kásiplik awqamları diziminde Balalardı sawalandırıw hám xalıqtıń salamatlıǵın tiklewge kómeklesiw qorı hám Balalardıń dem alısın hám sawalandırılıwın shólkemlestiriw departamenti shólkemlestirilgenliginen hámmeńizdiń xabarıńız bar. Usı departament balansına Qaraqalpaqstannan **5** balalardıń dem alıs hám sawalandırıw orayı ótkerildi, sonın menen birge búgingi kúnde Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasi tárepinen Nókis qalası, "SHımbay guzarı" MPJ aymaǵındaǵı eski "Kosmos" balalar sawalandırıw orayı ornında jańa zamanagóy túrdegi balalar sawalandırıw orayınıń qurılısı da baslap jiberildi. Jáne ayrıqsha aytıp ótetuǵınım, usı esabat dáwiriniń basında, yaǵnıy 2020-jılı Moynaq rayonı "Bozataw" awıl puqaralar jıyını aymaǵında barlıq imkaniyatlarǵa iye, zamanagóy "Aqkeme" balalar sawalandırıw orayı qurıp pitkerilip, házirgi kúnde keleshek awladımız ushın minsiz xızmet atqarıp kelmekte.

Jaz máwsiminen tısqarı, hár jılı balalardıń qısqı hám báhárgi dem alısların kewilli ótkeriwin shólkemlestiriw, olardı hár tárepleme qollap-quwatlaw maqsetinde Moynaq rayonındaǵı **"Aq keme"** orayında 2021-2025 jılları dawamında jámi **800** balanıń dem alısı shólkemlestirildi

Prezidentimiz SH.Mirziyoev **"** ***. . . Hár qanday jámiyet hám mámlekettiń qay dárejede xalıqshıl jáne ádalatlı ekeni onıń hayal-qızlarǵa bolǵan múnásibeti hám ǵamqorlıǵı menen belgilenedi"*** **-** *degen edi.*

Haqıyqatında da, elimizde hayal-qızlarımızǵa hár tárepleme itibar hám ǵamqorlıq kórsetiw, olardıń mámleketlik hám jámiyetlik turmısta tutqan ornı menen abırayın arttırıw, sonday-aq, olardıń elimizde ámelge asırılıp atırǵan túpkilikli reformalarga belsene qatnasıwına barlıq imkaniyatlar jaratılǵan.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti SH.Mirzieyovtıń Ózbekstan Respublikası oliy Majlisine jollaǵan Múrájáátlerinde aymaqlardaǵı sociallıq qorǵawǵa mútáj shańaraqlardı, ásirese, "hayal-qızlardıń mashqalaların úyreniw hám onı sheshiw, olardı materiallıq hám mánawiy jaqtan qollap-quwatlaw jumısları alıp barılıwı boyınsha" aytqan tapsırmalarınıń orınlaw maqsetinde hayal-qızlardı sociallıq-huqıqıy hám psixologiyalıq jaqtan qollap-quwatlaw, kásip-ónerge úyretiw hám bántligin támiyinlew jumısların nátiyjeli shólkemlestiriw hám ámelge asırıw maqsetinde 2021-jıldan baslap Respublikamızdıń barlıq aymaqlarında **"Hayallar dápteri"** engizildi.

Ótken dáwir ishinde kásiplik awqamları hayal-kızlardı dizimli qollap-quwatlaw, olardın jámiyet turmısında belsendi qatnasın támiyinlew baǵdarında iskerligin jaqsı jolǵa qoyǵan.

Qaraqalpaqstanda **"Hayallar dápteri"** diziminiń **5 basqısh**ında jámi **215 mıń 91** hayal-kızlardıń mashqalaları sheshildi hám bul maqsetlerge jámi **308 mlrd. 627 mln. 7 mıń swm** sarplandı.

Sonıń ishinde **5** basqısh dawamında **110 mıń 750** hayal-qızdıń bántligi támiyinlendi, **19 mıń 425** hayalǵa **169 mlrd. 570 mln. swm** muǵdarında kerdit ajratıldı, **28 mıń 408** hayalǵa *(baǵıwshısın joǵaltqan, sociallıq járdemge mútáj,*

*qarramağında mayıp balası bar mútáj hayal-qızlar)* jámi **36 mlrd. 660 mln. swm** materiallıq járdemler ajratıldı, **758** hayal-qız arzan úy-jaylar menen támiyinlendi, **1782** hayal-qızǵa turaq jay ijarası ushın **2 mlrd. 312 mln. swm** kompensaciya tólep berildi, **167362** hayal-qızǵa medicinalıq, huqıqıy hám psixologiyalıq járdemler kórsetildi.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası tárepinen **"Hayallar dápteri"** sheńberinde dápterge kirgizilgen **5816** hayal-qızdıń jurtımızdaǵı dıqqatqa ılayıq, tariyxıy orınlarına sayaxatları shólkemlestirilgen bolsa, 2023-jılı Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası baslıǵı **Rafiqov Qudratulla Mirsagatovich**tiń tikkeley baslaması menen Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı máhállelerde miynet etip atırǵan **452** máhálle hayal-qızlar belsendileriniń Tashkent qalası hám walayatına sayaxatı shólkemlestirildi.

Bársheńizdin xabarıńız bar, usı máselede, yaǵnıy hayallardıń mashqalaların sheshiwde óziniń pidákerlik miyneti menen bárshege úlgi kórsetken juwapker xızmetkerlerdi múnásip xoshametlew maqsetinde **"Eń jaqsı sektor baslıǵı"**, **"Eń jaqsı máhálle basshısı"**, **"Eń jaqsı hayal jumıs beriwshi"** həm **"Kəsiplik awqam laureatı"** Respublika tańlawların ótkeriw wazıypası belgilengen edi.

Tańlawlardıń Ózbekstan Respublikalıq basqıshında 2021-jılı **«Eń jaqsı sektor basshısı» tanlawı** boyınsha Qaraózek rayonı 1-sektorı 1-orındı, 2022-jılı **"Eń jaqsı jaslar jetekshisi"** tańlawı boyınsha jaslar agentligi Qońırat rayonlıq bóliminiń "Mıńjarǵan" máhelle puqaralar jıyını jaslar jetekshisi **Mambetyarova Ulbosin Musatdin qızı** 2-orındı, **"Eń jaqsı hayal-qızlar belsendisi"** tańlawı boyınsha Beruniy rayonı "Qızılqala" awıl puqaralar jıyını hayal-qızlar belsendisi **Nurimbetova Nargiza Davletbaevna** 1-orındı iyelep, **"Prezident sawǵası"** avtomashina menen sıylıqlandı.

Sonday-aq keyingi jıllarda elimizde gender teńlik máselesi joqarı dárejege kóterilip, hayal-qızlar huqıqları qorǵalıwın túpkilikli kúsheytiw, hár tárepleme qollap-quwatlawǵa qaratılǵan 40 tan artıq normativ-huqıqıy hújjetler qabıl etildi. Ásirese, Ózbekstan Respublikasınıń **"Hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hámde imkaniyatlar haqqında"ǵı**, **"Hayal-qızlardı zorlıq hám basımlardan qorǵaw haqqında"ǵı** Nızamları qabıl etildi.

Gender teńlikti ámelde támiyinlew boyınsha alıp barılıp atırǵan reformalardı dizimli dawam ettiriw, sonday-aq BMSH Global kún tártibiniń Turaqlı rawajlanıw maqsetlerin izbe-iz ámelge asırıw maqsetinde 2022-2026-jıllarda hayal-qızlardıń mámleket ekonomikalıq, siyasıy hám sociallık turmısınıń barlıq jónelislerinde belsendiligin asırıw boyınsha Milliy baǵdarlaması tastıyıqlandı.

Mine usı hújjetler tiykarında hám usı olardıń talapların orınlaw maqsetinde mámleketlik organlar hám shólkemlerinde jámáátlik qadaǵalawı sheńberinde Genderge baylanıslı audit ótkeriliwi belgilep qoyılǵan. Usıǵan tiykar esabat dáwirinde Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi boyınsha miynet huqıq hám texnik inspektorları tárepinen **11** ministrlik, basqarma hám kárxanalarda hám olardıń strukturalıq dúzilmelerinde genderge baylanıslı audit ótkerildi. ótkerilgen jámáátshilik qadaǵalawı juwmaqları boyınsha **32** bántten ibarat **8** orınlanıwı shárt bolǵan kórsetpeler berildi.

Jaslar siyasatın ámelge asırıwda minásip úles qosıw, kásip-óner kolledjleri pitkeriwshilerin jumıs penen támiyinlew jónelislerinde anıq wazıypalar belgilenip, kásiplik awkamlardıń belsendiligi artıp barmaqta.

Jaslardıń miynet hám social-ekonomikalıq huqıqların hámde máplerin qorǵaw, olardı xoshametlew arqalı óz qábiletlerin keńnen kórsetiwleri ushın imkániyatlar jaratıp beriw maqsetinde Qaraqalpaqstan Keńesiniń Jaslar birlespesi jumıs alıp barmaqta.

Búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Keńesi **1941** baslanǵısh kásiplik awqam shólkemlerinde 30 jastan aspaǵan jas aǵzalar sanı **131946** aǵzanı, yaǵnıy 2025-jılǵa kelip jas aǵzalar sanı **36** payızǵa kóbeygen.

Jámáátlik shártnamalar arqalı sońǵı **5** jıl dawamında kárhána hám shólkemlerdegi kásiplik awqamları hámde jumıs beriwshiler qarjıları esabınan 2 jastan 3 jasqa shekem bala tarbiyasında miynet dem alısında bolǵan **1731** jas analarǵa **614,3 mln.** swm materiallıq járdem, tarawlıq kárxánalarında kem támiyinlengen, baǵıwshısın joǵaltqan **12851** shańaraqlardıń perzentleri ushın oqıw quralları, sabaqlıqlar ushın qárejetleri qısman qaplaw ushın **1 mlrd. 236 mln.** swm, **15868** kem təmiyinlengen jas shańaraqlar wəkillerine **6 mlrd. 415 mln.**swm materiallıq járdem, **697** joqarǵı oqıw orınlarında oqıp atırǵan qábiletli, kem támiyinlengen hám shın jetim studentlerge **2 mlrd. 319 mln**.swm oqıw shártnama pulları qısman tólep berildi, **228** jas shańaraqlarǵa úy-jay qurılısı hám mámleketimizde islep shıǵarılǵan, uzaq múddet paydalanatuǵın tovarlardı satıp alıw ushın **1 mlrd 3 mln.**swm payızsız ssuda ajıratıldı, **198** jas miynetkeshlerge áskeriy xızmetke shaqırılıwı múnásibeti menen **716 mln.**swm payızsız ssudalar ajıratılıwına erisildi.

SHólkemlerdegi jas miynetkeshlerdiń baslama hám qızıǵıwshılıqların jaqınnan úyreniw hámde jas miynetkeshlerdiń basshılar menen tuwrıdan-tuwrı ashıq sáwbetlesiwin jolǵa qoyıw maqsetinde 5 jıl dawamında jaslar **14** márte menen ushırasıwlar ótkerildi. onda **2000** nan aslam kárxána hám shólkemlerde miynet etip atırǵan jas qánigeler hám kásiplik awqamı belsendileri, sonday-aq student jaslar qatnastı.

Joqarı oqıw orınlarında okıp atırǵan sociallıq járdemge mútáj, qábiletli studentlerdi qollap-quwatlaw maqsetinde **5** studentke "Kásiplik awqamları **stipendiya**sı" ajratıldı.

Miynet etip atırǵan belsendi jaz miynetkeshler, imkaniyatı sheklengen yamasa baǵıwshısın joǵaltqan sociallıq qorǵawǵı mwtáj jaslardı sawallandırıw maqsetinde **5** jas xızmetkerlerge **sanatoriylarǵa biypul jollamalar** ajratıldı.

Sonday-aq Federaciyanıń Qaraqalpaqstan Keńesi, tarawlıq keńesler basshıları menen shólkemlestirilgen **"Basshı hám jas qánigeler"** ushırasıwlarında **320 dan** zıyat, **"Tabıslı jas isbilermen"** temasındaǵı ushırasıw hám seminarlarda **850** den aslam jas xızmetkerler qatnastı.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń VIII qurıltayında qabıl etilgen Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń 2021-2025-jıllarǵa mólsherlengen Strategiyalıq baǵdarlarınan kelip shıǵıp, hayal-qızlar, jaslar, sonday-aq ayrıqsha sociallıq qorǵawǵa mútáj adamlar, sonıń ishinde mayıplar, kekse adamlar, jası jetpegenler, internacionalist-jawıngerler, CHernobıl apatshılıǵı qatnasıwshıların sociallıq jaqtan qorǵaw boyınsha jumıslar kúsheyttirildi.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası Qaraqalpaqstan Keńesi tárepinen derlik sociallıq áhmiyetke iye barlıq jıllarda qabıl etilgen mámleketlik hám óz ilájlarına muwapıq úlken jumıslar ámelge asırılıp kiyatır. Ásirese, kásiplik awqamları tárepinen ótken jıllarda **"Hesh kim mehir itibardan shette qalmasın"**, **"Kásiplik awqamları – balalarǵa"**, **"Kásiplik awqamları - xayal-qızlarǵa"**, **"Kásiplik**

**awqamları-jaslarǵa", "Watan óz pidayıların esleydi", "Ózbekstanda hesh kim mehir-itibardan shette qalmaydı"** akciyaları ótkerilip, Respublikamızda jaylasqan Balalar mehribanlıq úyleri, Mayıplar úyleri, Áskeriy bólimsheler, Mektep internat tárbiyalanıwshaları, jalǵız baslı qariyalar, kem támiyinlengen shańaraqlar, jetim oqıwshılarǵa, Urıs qatnasıwshıları hám mayıplarına qáwenderlik-qayırqomlıq járdemleri kórsetildi.

8-mart Xalıqaralıq xayal-qızlar kúni bayramı múnásibeti menen "Kásiplik awqamları - xayal-qızlarǵa" akciyası sheńberinde miynet jámáátlerinde óz kásibiniń pidáyi **23 mıń 176** xayal-qızlar hám miynet veteranlarına, sonday-aq, sociallıq qorǵawǵa mútáj, mayıplıǵı bolǵan hám úyde jatıp qalǵan **672** hayal-qızǵa **jámi 2 mlrd. 760 mln. 108 mıń** sumlıq materiallıq járdemler, azıq awqat hám estelik sawǵaları tapsırıldı.

**9** may – eslew hám Qádirlew kúni múnásibeti menen jáhán urısı qatnasıwshılarına, xızmet wazıypasın atqarıw waqtında qaytıs bolǵan áskeriy hám huquq qorǵaw organları xızmetkerleriniń shańaraqlarına, miynet frontı qatnasıwshılarına, basqa bayram sánelerinde, sonday-aq SHımbay rayonında hámde Nókis qalasında jaylasqan "Miriwbet úy"lerine, "Imkan" reabilitaciya orayına, Respublikalıq kózi-ázziler jámiyetiniń Qaraqalpaqstan bólimine, SHańaraqlıq balalar úylerine, jawınger internacionalistlerge, miynet veteranları hámde medicina tarawında koronavirus infekciyası nátiyjesinde qaytıs bolǵan xızmetkerleri shańaraqlarına, ózgeler kútimine mútáj jalǵız kekeseler úylerine barıp xabar alınıp, olarǵa jámi **792 mln. 524 mıń swm**lıq bahalı sawǵalar, materiallıq járdemler hám azıq-awqat ónimleri alıp berildi.

Ótken esabat dáwirinde kásiplik awqamları háreketin elede bekkemlew, kásiplik awqamlarınıń jámiyette tutqan ornın kúsheyttiriw hám statusın asırıw, kásiplik awqam aǵzaları qatarın keńeytiw, baslanǵısh shólkemler iskerligin bekkemlew, kásiplik awqamları kadrları menen islesiw hám olardıń mamanlıǵın asırıw hámde kásiplik awqamları belsendileri miynetin múnásip xoshámetlep barıw máselelerine ayrıqsha itibar qaratıldı.

Kásiplik awqamlarǵa aǵza bolıwdıń abzallıqların túsindiriw arqalı kásiplik awqam aǵzaları qatarın keneytiw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar - házirgi kúndegi kásiplik awqam háreketin rawajlandırıwdıń eń zárúr wazıypalarınıń hám mashqalalarınıń biri.

Búgingi kúnde tiykarǵı itibar miynet jámáátlerinde hár bir islewshiniń sociallıq qorǵalıwı, múlkshilik túrine qaramastan, bárshe kárxana, shólkem hám kárxanalarda baslanǵısh shólkemlerdiń dúziliwi hám kishi biznes subektlerinde jumıs alıp barıp atırǵan islewshilerdi aǵzalıqqa alıwǵa qaratılǵanı sebep, Keńesi tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika hám Salıq basqarmalarınan alınǵan jańadan dúzilgen kárxanalar haqqında maǵlıwmatlarǵa tiykar, bólistiriw jobası islep shıǵılıp, kásiplik awqam shólkemi dúzilmegen kárxana hám shólkemlerde jumıs beriwshiler hám xızmetkerler menen úgit-násiyat jumısların alıp barıw nátiyjesinde esabat dáwirinde **10 mıń 826** kárxana hám shólkem, **161 mıń 226** islewshi-xızmetker kásiplik awqam aǵzalıǵına tartıldı, usı xojalıq subektlerinde jámáátlik shártnamaları dúzildi hám xızmetkerlerdiń sociallıq qorǵalıwı támiyinlendi.

Nátiyjede baslanǵısh kásiplik awqam shólkemleri sanı **1991** ge jetip, aǵzalar sanı **362 mıń 385** aǵzanı quradı. Jańadan dúzilgen kásiplik awqam shólkemlerinde tiyisli

bolǵan hújjetleriniń rásmiylestiriliwi, dizimnen ótiwi, esap betin ashıw, mór menen támiyinlew jumıslarına ámeliy járdem berildi.

Álbette, jańa sharayatlarda júz berip atırǵan ózgerislerge tásir etiw, isbilermenlerge keń jol ashılıp, jumıs beriwshilerdiń jańa áwladları kelip atırǵan bir dáwirde, óz aǵzalarınıń máplerin korǵaw, óz jumıs háreketiniń hukıqıy kepilliklerin qorǵaw kásiplik awqamlar ushın birden qıyınshılıqsız ámelge asa bermeydi. Usınday processlerde kásiplik awqam aǵzalarınıń kemeyiwi hám olardı aǵzalıqqa tartıw ańsat bolmaytuǵınlıǵı tábiyǵıy. Kópshilik jaǵdayda kásiplik awqamlar óz abıroy-itibarınan ayrılıp qalıwıda múmkin. **Hámmemizge belgili, kásiplik awqam aǵzaları sanınıń azayıwına, birinshiden bazar ekonomikası sharayatında jumıs orınlarınıń qısqarıwı, kárxanalardıń saplastırılıwı sebep bolsa, ekinshiden, kásiplik awqamlar menen miynetkeshlerdiń arasında ulıwma óz-ara baylanıstıń joqlıǵı, úshinshiden, kásiplik awqamlardıń óz aǵzalarınıń sociallıq-ekonomikalıq máplerin, miynet huqıqın qorǵawdaǵı intanıń tómenligi sebepli bolıp otır.**

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi Májilisinde ótken esabat dáwirinde **12** ge jaqın másele hám Atqarıw komiteti májilislerinde **621** hár qıylı kásiplik awqamlardıń óz wazıypalarına kiriwshi máseleler kórip shıǵıldı.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi tárepinen ámelge asırılǵan hámde rejelestirilgen jumıslar boyınsha ǵalaba xabar qurallarında jarıtıp barıldı. Atap aytqanda, **75** ret radiodan, **100** ret gazeta hám **151** ret jergilikli televidenieden hámde **1100** ret veb-sayt hám sociallıq tarmaqlarda shıǵıwlar ámelge asırıldı.

Házirgi maǵlıwmatlar dúnyasında, hár qanday mámlekettiń barlıq salalarında sanlı texnologiyalar zárúr orın iyelegen bir dáwirde, jámiyet elede turaqlı rawajlanıw hám jetiskenliklerge erisiwi ushın sanlı bilim hám xabar texnologiyalarına itibar qaratıw júdá áhmiyetli orın tutadı. Sebebi, dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde, ásirese rawajlanǵan mámleketlerinde sanlı ekonomika tez pátler menen ósip barmaqta.

Mine usıdan kelip shıǵıp, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń strategiyalıq baǵdarlamalarında aǵza shólkemlerdiń iskerliginde sanlı hám tarmaqlı texnologiyalardı engiziw, kásiplik awqamlardıń barlıq jónelislerin sanlastırıw, avtomatlastırıw hám onlayn platformaǵa shıǵarıw islerin ámelge asırıw belgilengen edi.

Usıǵan tiykar, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Atqarıw komitetiniń «Ózbekstan kásiplik awqamları shólkemlerinde sanlı texnologiyalardı keń túrde engiziw, Federaciyanıń kompleks integrallastırılǵan xabar sistemasınan paydalanıwdı jolǵa qoyıw haqqında»ǵı 11-16 sanlı qararına bola, Federaciya sistemasında kásiplik awqamlarınıń bárshe jumıs túrlerin basqıshpa-basqısh sanlastırıw jumısları ámelge asırılmaqta.

Kásiplik awqamlardıń Qaraqalpaqstan Keńesi tárepinen **KasabaKIAT**tı engiziw processinde sistemanıń oraylasqan maǵlıwmat bazasına **2 mıń**ǵa jaqın baslanǵısh shólkemler, **6 mıń**nan artıq cex shólkemleri, **2 mıń**nan artıq jámáát shártnamaları hám basqada sol sıyaqlı tarawǵa tiyisli maǵlıwmatlar júklendi. Bárshe baslanǵısh shólkemler hám cex shólkemleri ushın **my.kasaba.uz** portalında jeke kabinetler jaratıldı. Dizimnen ótken kárxanalardı turaqlı túrde monitoring alıp barıw jolǵa qoyılǵan.

Búgingi kúnde sistemada hár bir taraw boyınsha **1990** baslanǵısh kásiplik awqam shólkemleri dizimnen ótkerildi hám dizimnen ótkeriw jumısları dawam etpekte.

Sonday-aq, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası qasındaǵı Balalardıń dem alıwın shólkemlestiriw hám sawallandırıw departamenti iskerligi menen **Oromgohlar.uz** innovacion onlayn-platforması iske túsirildi.

Sistema respublikada birinshilerden bolıp balalardı dem alıw oraylarına onlayn dizimnen ótkeriw imkaniyatın jaratıp, smenalardı tańlaw hám jollamalardı satıp alıwdı hár bir shańaraq ushın qolaylı hám ańsat ámelge asıradı.

Joqarıda keltirip ótkenimizdey kásiplik awqamları kadrları menen islesiw, olardıń mamanlıǵın asırıw máselerine ayrıqsha itibar qaratıldı. Atqarıw komitetinin tiyisli qararı tiykarında, baslanǵısh shólkemlerge ámeliy járdem kórsetiw tártibi belgilenip, bul boyınsha ótken esabat dáwirinde orınlarǵa shıǵıp **721** baslanǵısh shólkemlerdiń jumıslar úyrenildi hám ámeliy járdemler kórsetildi. Keńestiń tájiriybeli qánigeleri tárepinen kásiplik awqam belsendileri ushın **86** ret oqıw-seminarlar shólkemlestirilip, olarǵa **5888** kásiplik awqam belsendileri qatnastı. Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń oqıw orayında **5** jıl dawamında **724** kásiplik awqam belsendisi onlayn hám offlayn oqıw kurslarınan ótti.

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine hám rayonlıq (qalalalıq) xalıq deputatları keńesleriniń ótken hám házirgi shaqırıqlarında kásiplik awqamlarınan **13** xızmetker deputat bolıp saylandı.

Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesiniń usınıs tiykarında Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik sıylıǵı menen **4** xızmetker, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi tárepinen **43** kásiplik awqamları xızmetkeri mámleketlik sıylıqlar hám Húrmet Jarlıǵı menen, **7** xızmetker Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń "**Ehtirom nishoni**" kókirek belgisi menen sıylıqlandı.

Kásiplik awqamları ótken dáwir ishinde kásiplik awqamlarınıń qarjılarınan aqılǵa uǵras paydalanıw máselesi boyınsha da bir qansha jumıslar ámelge asırıldı. Dizimde ámelge asırılǵan reformalar, jetilistiriwler processlerinde miynetkeshlerdiń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵawda, kásiplik awqamlardıń shólkemlestiriwshilik jumısların bekkemlewde zárúr orın tutatuǵın baslanǵısh kásiplik awqamlardıń qarjı imkaniyatlarına ayrıqsha itibar qaratıldı.

Bilesizler, tiyisli ámeliy jumıslar nátiyjesinde kásiplik awqam qarjılarınan nızamsız túrde paydalanıwlarǵa, artıqsha qárejetlerdi jumsawǵa shek qoyıldı. Kásiplik awqam qarjıları miynetkeshlerdiń, kásiplik awqam aǵzalarınıń sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw maqsetlerine, olardıń kewilli dem alısların shólkemlestiriwge jumsaldı. Álbette, kásiplik awqamları qarjıların ustav talaplarına tiykarlanıp sarıplap, óz aǵzaları arasında húrmet-abıroyǵa erisip atırǵan kásiplik awqamlarınıń bar ekenligin kórip maqtanısh penen tilge alamız.

Qaraqalpaqstan kásiplik awqamlarınıń búgingi ánjumanında biz ótken dáwir ishinde ámelge asırılǵan islerimizge juwmaq jasaw hám esap beriw menen birge, aldımızdaǵı jumıslarımızdıń tiykarǵı baǵdarların belgilep alıwımız, baslı máqsetimiz miynet adamlarınıń nızamlı máplerin hám huqıqların qorǵawda háreket birligin támiyinlewimiz, kúsheytiwimizden ibarat.

Álbette, biziń jumıslarımızda saplastırıwımız zárúr bolǵan kemshiliklerimiz, ele de orın alıp atırǵan mashqalalarımız, Ustav talapları boyınsha ámelge asıratuǵın jumıslarımız júdá kóp. Búgingi konferenciyada bularǵa toqtap otırmadım, aldımızǵa qoyǵan wazıypalar arqalı, jumıslarımızdı qayta kórip shıǵıp keleshek jumıslarda bularǵa jol qoymaymız dep isenemen!

Biziń elimizde mámleket hám jámiyet turmısın erkinlestiriw, demokratiyalastırıw, mámleket hákimiyatınıń barlıq tarawların jetilistiriw, nızam ústinligin támiyinlew, nátiyjede xalıq abadanshılıǵına erisiw eń baslı wazıypa bolıp esaplanadı.

Álbette jańa dúzilis, jańasha talap, oǵan jańasha kóz qaras penen qarawdı, itibardı, talapshańlıqtı kúsheytiwdi aldımızǵa qoyadı. orınlardaǵı jámááttiń awızbirshiligi, hár bir islewshiniń nızamlı máplieriniń qorǵalıwı, olar ushın miynet sharayatlarınıń jaratılıwı kásiplik awqam shólkemleriniń, yaǵnıy Sizlerdiń belsendiligińizge baylanıslı. Sonlıqtan Sizlerden bul máselege dıqqat penen qarap, joqarǵı kásiplik awqamları basqarıw uyımlarınıń qararların qollap-quwatlawǵa hám aldımızdaǵı wazıypalardı orınlawǵa kúsh-ǵayrat salıwǵa shaqıraman.

Biz kásiplik awqamları Strategiya negizinde Watanımızdıń basıp ótken jolları hám arttırǵan tájiriybeleri, erkinlik jıllarında erisilgen tabısları analizin obektiv bahalay otırıp hám keleshek rawajlanıw talaplarınan kelip shıǵıp, mámleketti jedel rawajlandırıw, demokratiyalıq reformalardı elede tereńlestiriwdiń anıq hám tiykarǵı wazıypaların belgilep alıp hám “bir jaǵadan bas, bir jeńnen qol shıǵarıp”, yaǵnıy **“Yurt taraqqiyoti yo’lida birlashgan”** halda, onıń orınlanıwın támiyinlewimiz zárúr.

Mámleketimizde júz berip atırǵan túpkilikli reformalar kóleminiń keńeyiwi hám tereńlesiwi kásiplik awqamlardıń rolin hám áhmiyetin kúsheyttiredi.

**Onıń ushın usı hújjetler negizinde bizler ózlerimizdiń keleshektegi tiykarǵı wazıypalarımızdı belgilep alıwımız kerek boladı:**

❖ kásiplik awqamlarınıń iskerligin bekkemlew hám rawajlandırıw, nızam hújjetlerin jetilistiriw de, islewshiler hám kásiplik awqamlardıń huqıqlarınıń saqlap qalınıwına hám keneyiwine erisiw;

❖ miynetke hám sociallıq-ekonomikalıq áhmiyetke iye nızam joybarlarınıń hám basqada huqıqıy-normativ hújjetlerdiń islep shıǵılıwında qatnasıwın qollap-quwatlaw,

❖ miynet huqıqların nátiyjeli qollaw ámeliyatı sheńberinde rásmiy emes hám qorǵalmaǵan miynetke shek qoyıw, balalar miynet hám májburiy miynetti toqtatıw;

❖ puqaralarǵa biypul huqıqıy hám konsultativ járdem kórsetiwdi keńeytiw, sociallıq tarmaqlarda maǵlıwmat kanalların hámde **“Isenim telefon”**ları tarmaǵın kóbeytiw, kóshpeli qabıllawlar shólkemlestiriw arqalı sociallıq-miynet máseleleri boyınsha **Qayta baylanıs mexanizmin** elede jetilistiriw;

❖ Halıqaralıq Miynet SHólkeminiń **Múnásip miynet koncepciyasın** qollap-quwatlay otırıp, sociallıq sherikler menen birge islesiwdi bekkemlew, sociallıq birge islesiwdiń eń jaqsı ámeliyatın úyreniw hám keń en jaydırıw, jámáátlik kelisimler hám shártnamalardıń mazmunına hám sapasına, olarda belgilengen minnetlemelerdiń tolıq orınlanıwına erisiw;

❖ jumıs orınlarınıń nızamsız qısqartılıwına, xızmetkerlerdiń miynet haqılarınıń keshiktirilip beriliwiniń aldın alıw, bul iste háreket etip turǵan nızam hám nızam astı hújjetleri talaplarınan tolıq paydalanıw;

❖ miynet bazarında belsendi siyasat alıp barıw, múnásip miynet haqı hám qáwipsiz miynet sharayatların támiyinlewshi turaqlı jumıs orınların jaratıwǵa erisiw, jaratılǵan jańa jumıs orınlarına qabıl etilgen puqaralardın miynet huqıqların támiyinlew;

❖ miynetti qorǵaw jumısların jaqsı jolǵa qoyıw, olardı zamanagóy hám nátiyjeli dizimler menen basqarıwdı engiziw;

❖ kásiplik awqamları jámáátshilik qadaǵalawınıń forma hám usılların rawajlandırıw hám jetilistiriw, kásiplik awqam organlarına kelip túsip atırǵan jazba hám awızsha múrájáátlerdi óz waqtında hám nızam talaplarına muwapıq unamlı sheshiwge erisiw;

❖ miynetkeshler arasında elimizde ámelge asırılıp atırǵan **reformalardıń mazmun-mánisin úgit-násiyatlaw**, olardıń bos waqtın mazmunlı ótkeriw, dem aldırıw hám sawalandırıwda belsendi qatnasıw;

❖ miynetkeshlerdiń hám olardıń shańaraq aǵzaların mádeniy dem aldırıw hámde sawalandırıw, ekologiyalıq, medicinalıq hám ziyarat turizmin rawajlandırıw;

❖ miynet jámáátlerinde salamat turmıs tárizin úgit-násiyatlaw, islewshilerdi **"miynet gimnastikası"**na, sporttın ǵalaba túrleri boyınsha jarıslar ótkeriwge keń tartıw;

❖ kásiplik awqamınıń tiykarǵı jumısların, onıń jámiyettegi rolin bunnan bılay da kóteriwge baǵdarlanǵan háreketlerdi kúsheytiwden ibarat.

**Bunıń ushın ne qılıwımız kerek?**

Hár bir buwında alıp shıǵılǵan innovaciyalıq pikirlerdi qollap-quwatlawımız, kásiplik awqam belsendileriniń sistemalı túrde oqıtılıwın shólkemlestiriwimiz, sociallıq sherikshilik principi tiykarında sociallıq sherikler menen birge islesiwdiń mexanizmlerin jetilistiriwimiz, miynet-sociallıq múnásibetlerdi retlestiriwde jámáátlik-shártnamalıq qatnasıqlardıń nátiyjeliligin asırıwımız, islewshilerdiń miynetin qorǵawda, olardıń qáwipsiz miynet sharayatına bolǵan huqıqların támiyinlewde kásiplik awqamlardıń qadaǵalaw wazıypasının nátiyjeliligin asırıwımız zárúr boladı.

Biz bul wazıypalardı orınlawımızdan burın kásiplik awkamlardıń ishki jumısların elede jetilistiriwimiz, huqıqıy-normativ bazamızdı bekkemlewimiz, wákilliklerimiz, funkcional wazıypalarımız nelerden ibarat ekenligin ańlap jetiwimiz, Keńestiń kadrlar siyasatı strategiyasın islep shıǵıwımız, turaqlı islewshi hám muwapıqlastırıwshı komisiyalardı qáliplestiriwimiz hám olardıń turaqlı jumıs islewin támiyinlewimiz, atqarıw tártibin bekkemlewimiz, kásiplik awqamlarǵa jas qánigelerdiń keliwin támiyinlewimiz, baslanǵısh shólkemlerdiń rolin hám tutqan ornın kóteriwimiz, úlgili shólkemlerdiń jumısların tereń úyrenip hám onı keń tarqatıwımız hám kásiplik awqam qánigelerin oqıtıw sistemasın rawajlandırıwımız lazım.

Ǵárezsizligimizdiń dáslepki kúnlerinen-aq insan huqıqların hám erkinliklerin támiyinlew wazıypasın mámleketimiz óziniń tiykarǵı principleri etip qabıl etken bolsa, onı ámelge asırıwdıń negizin elimizdegi awızbirshilik, tınıshlıq, milliy tatıwlıq, abadanshılıq jaratadı dep bilemen.

Kásiplik awqamlarda jámiyetimizdiń ajıralmas bir bólegi sıpatında mámleketimizde júz berip atırǵan ózgerislerde, dóretiwshilik islerde birge boladı, óz múmkinshiliklerinen tolıq paydalanıp mámleketimizge kómeklesiwshi ilájlardıń orınlanıwında jankúyerlik kórsetedi dep isenemiz.